ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№48-49 (23.457) ● 2017 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 18, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сом 15-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

Къалэм нэхъ тыншу ущызекIуэфынущ

Гъатхэпэм и 17-м КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий зригъэлъэгъуащ Толстойм и цIэр зезыхьэ уэрамым икIыу Калюжнэ уэрамым утеэшIу ящIэ гъэзгу зэпыхьэпIэр. Республикэм и Унафэщ1ым щIыгъуащ министрхэр, Налшык къалэ администрацэм и лIыкIуэхэр, а IуэхумкIэ жэуап зыхьхэр.

КАЛЮЖНЭ уэрамым ирикIуэу щыта 20-нэ гъущI гъэзгу къудамэр куэд щIауэ къагъэсэбэпыжыртэкъыми, къалэм нэхъ щIэзекIуэгъуафIэ хъун папщIэ абы къыхэкIуэ уэрамхэм къытекьэпIэ хэщIащ. Гъэзгуэм иIа кумбхэр ягъэсвижащ, мыгувэу асфальт тралъхьэу машинэ къежакIыпIэ хуащIыну я мурадщ. А ухуэнигъэр мы гъэм и фокIадэ маздэм яухыну хуагъэфащэ.

КIуэкIуэ Юрий къыхигъэщащ Калюжнэ уэрамым и теплъэр зэрымыщIагъуэр икIи абы фIыуэ елэжьын зэрыхуейр. Республикэм и Iэтащхьэм ухуакIуэхэр къыхуриджащ Iуэхум хухаха мылькумрэ яIэ зэфIэкIымрэ къагъэсэбэпу щытыкIэр ягъэтэмэмыну, гъэзгущIэхэр тралъхьэну, къалэм и уэрам нэхъыфIхэм хуэдэу къызыхуэтынщэ ящIыну. Абы жиIащ цIыхухэм я тыншыпIэм нэхъыщхьэ зэрыщымыIэр, икIи уэрамыщIэр шынагъуэншэу, нэхуу, къабзэу, дахэу къызэгъэпэщыным и мыхьэнэр зэрыпIэагъэ къагурыIуэу, Iуэхум гууз-лыуз хуаIэу зэфIахыну.

Мэлбахьуэм и щIэр зезыхьэ уэрамым автомашинэу мин 30-м нэблагъэ зы махуэм щызэблокI. Абыкъэ ирикIуэ гъэзгур зэрагъэпэщыжын папщIэ ар зэхуэщIауэ щыщытыну пIалъэм Кировым и цIэр зезыхьэ уэрамым и мызакъуэу, Калюжнэмкiи укъекIуэкI хъунущ. КъБКъУ-м щыджэхэмрэ щылажьэхэмрэ иджы куэдкIэ нэхъ тыншу екIуэлIэфынуц университетым. Дзэлыкъуэ, Бахьсэн, Шэджэм щыналъхэзм, Кэнжэ къикIэр къалэм нэхъ псынщIэу къэсынущ. ЗэрыхуэгъэфащэмкIэ, къалэм щызэтрихьэ машинэхэр нэхъ мащIэ хъунущ.

Налшык къалэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ Бджыдз Мухьэмэд дыдэзыщигъэгъуэзамкIэ, гъуэгум и ухуэныгъэщIэр зэран зыхуэхъункIэ хъуну хьэрычэтыщIэхэм зэгурыIуэныгъэ иращIыпIащ, ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрагъбзыхуам тету и зэманым зэфIагъэкI.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Псыр къыщиу зэманым жылагъуэхэм зэраныгъэ ямыгъуэтын папщIэ лэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэну Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуани 120-рэ къыхуаутIыпщ

«Урысей Федерацэм и псы-хозяйственнэ комплексым зегъэужьыныр (2012 - 2020 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ 2017 гъэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым субсидиеу сом мелуани 120-рэ хуахахащ гидротехникэ ухуэныгъэхэр капитальнэу зэгъэпэщыжынымкIэ лэжьыгъэхэр иригъэкIыным папщIэ. А ахъшэм республикэм Iыхьэ пыуыкIа хилъхьэнущ.

Субсидиехэм я хьэкIкIэ псы Iуфэхэр зэрыгъэбыдар ирагъэфIэкIуэнущ, жылагъуэхэм псыр ящIэмыуэн папщIэ зыхуеину нэгъуэщI Iуэхухэр зэфIагъэкIынущ.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я прес-Iуэхущ1апIэ.

Табыхъу М. Л. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тыIыпIэр етыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрылажьэм папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIыхь тхылъыр етын **Табыхъу Мурат Лалушэ и къуэм** - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм муниципальнэ къэпщытэныгъэмкIэ и управленэм и унафэщIым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2017 гъэм гъатхэпэм и 17-м
№38-УГ

● ЩIЭ

Ставрополь адыгэбзэр щадж

Ставрополь крайм щыIэ «Адыгэхэр» щэнхабзэ центрым адыгэбзэр щраГъэдж дерсхэр къыз1эри-гъэпэщащ. Ялэ дерс зэ1ухар гъатхэпэм и 14-м щекIуэкIащ къалэм дэт Зэныбжьэгъугъэм и унэм.

АБы зэрыщрагъэджэну программэм къызэщIеуфыдэ адыгэбзэ зымыщIэ балигъхэмрэ илъэсипщIым щIигъуа ныбжьыщIэхэмрэ. Дерсхэм щIэсынухэм зэрырагъаджэ тхылъхэр хуагъэшынущ, абыхэм ядэлажьэнущ илъэс 25-кIэ егъэджакIуэ IэнатIэм пэрыта **Хьэткъуэ Марие**.

- Ди лъэпкъымрэ абы бгъэдэлъ хьугъуэфIыгъуэхэмрэ тхъумэным и зы Iэмалщ нобэ къызэдгъэпэща дерсхэр. Псоми ящIэ хамэщI щыпсэухэмрэ я анэдэлъхубзэ иримыпсалъэу нэгъуэщI хэгъуэгуэхэм исхэмрэ адыгэбзэр зэрэIэщIэхур, нэхъ щынагъуэжраци, зи хэку имысыжхэм къащIэхъуэ щIэблэм зэраIуриМылъыххэр. Апхуэдэ гупсысэхэм къыхэкIыу, ди центрым дерсхэр къызэригъэпэщащ икIи Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьлIэу апэ гупыр зэхуэтшэсащ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ ди гукъэкIыр къыддэзыIыгъа, Iуэхур едгъэжьэнымкIэ сэбэп къытхуэхъуа, Ставрополь къалэм и администрацэмрэ абы и унафэщI **Джадтоев Андрейрэ**.

ЗэрыжаIэщи, бзэр щымыIэмэ, пъэпкъи щыIэнукъым. Ди центрым и къалэн нэхъыщхьэр адыгэ пъэпкъым къыхэкIуэ Ставрополым исхэм я анэдэлъхубзэр яIэщIэмыгъэхунырщ», - къыджиIащ «Адыгэхэр» щэнхабзэ центрым и унафэщI **Шыбзыхъуэ Юрэ**.

Юрэ къыхигъэщащ адыгэбзэ дерсхэм ставрополдэсхэм я деж щIэуп-щIэхуэ зэрыщIэр, къакIуэрэ куэдым зэрызрагъэтхэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Ныбжьыщ1эхэм зауж ьыным хуащI гулъытэр

● Къэрал Iуэху

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий гъатхэпэм и 16-м иригъэкIуэкIащ Хабзэр къызэпемыгъэудынымкIэ Iуэхущ1апIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр зыхэт республикэ комиссэм и зэ1ущIэр.

ПРОГРАММЭМ и гуэдзэн щIэныгъэ щIагъэгъуэт Iуэхущ1апIэхэм балигъ ныбжьым нэмыса сабийхэр тэмэму гъэса хъунымкIэ яIэ мыхьэнэм тепсэлъыхьащ КЪБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министрым и къуэдзэ **Геккиев Сультан**. Абы зэрыжиIамкIэ, 2017 гъэм и щIышIэм ирихьлIэу республикэм апхуэдэ еджапIэу 25-рэ щолажьэ, ныбжьыщIэ мин 30-м щIигъу къыз1эщIаубыдэу.

- Къыхэзгъэщыну сыхуейт мы гъэм республикэм и курыт еджапIэхэм псоми зэхэту гупжей 840-рэ къызэрыщызэIутхар. Спорт секцэхэм еджакIуэ мин 12-рэ 586-рэ йокIуалIэ, ар гуэдзэн щIэныгъэ щIагъэгъуэт Iэхуэщ1апIэхэм екIуалIэхэм я процент 42-рэ мэхъу, - жиIащ Геккиев Сультан. - Дызэрыгушхуэнщи, 2015 гъэм и дыгъэгъаззэм Налшык къалэм къыщызэIутхащ «Дыгъэпс къалэ» сабий академиер. Абы епхауэ мэлажьэ ныбжьыщIэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ центрри (сабий мини 5-м щIигъу щIэсу). Апхуэдэуи щIалэгъуалэр щIэныгъэ техникэ, инженер Iэщ1агъэхэм дегъэхьэхьн мурадкIэ, «Дыгъэпс къалэм» хэту къызэIутхащ Сабий технопаркыр. Къэгъэлъэгъуапхъэщ сабийхэр я узынщагъэм кIэлъыгъэплъыжьынымтеухуауэ зи гугъу тщIы Iуэхущ1апIэхэм къызэрагъэпэщ лэжьыгъэхэри. Абыхэм я фIыгъэкIэ спортымрэ физическэ щэнхабзэмрэ дихьэххэм я бжьыгъэм нэрылагъуу хэхуащ. КЪБР-м Егъэджэныгъэмкiэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министерствэр хэтащ къуажэ курыт школхэм щеджэхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зэрызыхуагъэсэну Iэмал псори къаухуэзгъэпэщыным теухуауэ УФ-м и щIынальэхэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм. Абы ипкъ иткIэ дгъэбелджыла Iуэхухэр хъуралым щыпхыкIащ икIи сом мелуан 23-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къритащ. А ахъшэмкIэ спорт пэш 24-рэ зыхуей хуэдгъэзащ, спорт клуб 22-рэ къызэIутхащ. Мы зэманым абыхэм зыщагъасэ ныбжьыщIэ 1620-м. 2020 гъэм ди мурадщ щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Iуэхущ1апIэхэм илъэси 5 - 18 я ныбжьу екIуалIэхэм я бжьыгъэ процент 70-75-м нэдгъэсыну, - жиIащ Геккиевым.

Абы дыщIигъуащ щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт Iуэхущ1апIэхэм хабзэр къызэпаудауэ учётым ирагъэтха ныбжьыщIэхэм гулъытэ хэха хуащIу зэращыдзэлажьэр. Мы зэманым апхуэдэу щыIэ сабий 211-м щыщу 105-р йокIуалIэ щIэныгъэ Iуэхущ1апIэхэм.

КЪБР-м спортымкIэ и министр **Хъущт Аслъэнбэч** жиIащ республикэм спорт еджапIэу 46-рэ (къудамэ 204-рэ яIэу) зэрыщылажьэр. «Спартак-Налшык» футбол командэмрэ КЪБР-м и гуп къыхэхахэр щагъэхьэзыр центрымрэ абыхэм ящыгъуу къыщIэкIа щIэныгъэ-щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министр **Емуз Нинэ** щIэупщIащ учёт зэхуэмыдэхэм ягъэувауэ щыт ныбжьыщIэхэм ящыщу спорт и лъэныкъуэкIэ зыдэлажьэр зыхуэдизым. Хъущтым жиIащ республикэм сыт хуэдэ спорт Iуэху щрагъэкIуэкIми, наркотикыр, терроризмэр, экстремизмэр зэрышынагъуэр я лъабжьэу къызэрызрагъэпэщыр. «Апхуэдэ сабий нэхъ гугъуэхэм тренер щхьэхуэхэр ядыдогъэлажьэ, уеблэмэ ди спортсмен нэхъ пажэхэм ахэр щалудгъащIэкIэ, шэч хэмылъу, я гупсысэм, я Iуэху еплъыкIэм зэрызихъуэжыр нэрылъагъущ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, сабий псори къытхуэщIэуфыдэркъым, ар дызэлэжьын хуейхэм ящыщщ», - жиIащ министрым.

КЪБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** жиIащ 2016 гъэм и фокIадэм ирихьлIэу къызэрабжамкIэ, щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт сабий Iуэхущ1апIэу 29-рэ республикэм щолажьэ. «ЕджапIэ 18-р къалэ округхэм дзтщ, 11-р - къуажэхэм. Мы гъэм абыхэм сабий мини 9-рэ 477-рэ щоджэ, егъэджакIуэ 900 щолажьэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, гъуазджэхэмкIэ сабий школхэр дзтщ республикэм и къуажи 122-м щыщу 58-м. Псори зэхэту къапщтэмэ, гъуазджэхэмкIэ сабий школхэм екIуалIэр процентри 8 - 9 мэхъу. 2018 гъэм ирихьлIэу а бжыгъэр процент 12-м нэсыну дыщогугъ», - жиIащ Къумахуэм.

КЪБР-м и МВД-м полицэм и участковэ уполномоченнэхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщынымрэ балигъ ныбжьым нэмысахэм я Iуэхухэмкiэ и къудамэм и унафэщI **Ащхъуэт Аслъэн** къыщыпсалъэм жиIащ щIэпхъаджагъэ нэхъыбэрэ зылэжьыр зи ныбжьыр илъэс 15 - 25-м итхэр зэрыарар. Абы къыхэкIыу КЪБР-м и МВД-м, республикэм и хабзэхъумэ Iэнатlэхэр щыгъуу, диныр къагъэсэбэпу Iуэху мыщIагъуэхэм щIалэгъуалэр зэрыхашэм ехьэлIауэ лэжьыгъэшхуэ иригъэкIуэкI. Экстремизмэм пэщIэтын мурадкIэ курыт еджапIэхэм Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщызэрагъэпэщ, адэ-анэхэм, зи закъуэу бын зыпI анэхэм Iэщ1агъэлIэхэр дагъэлажьэ. Къэпсэлъам къызэрыхигъащIамкIэ, щынагъуэ нэхъыщхьэр епхащ ныбжьыщIэхэр хуиту Интернетым зэрисым. Хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэр соцсетхэм щрагъэкIуэкI псалъэмакъым набдзэгубдзаплъэу щыкIэлъоплъ, къапщтэмэ, щIалэгъуалэм нэхъыбэру къагъэсэбэп сайт 75-м къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI.

Республикэ унафэщIхэм зэIущIэм щаубзыхуащ зэлэжьыпхъэхэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● КЪБР-м и Правительствэм

Мэлхьэпlатlэхэм защыфхъумэ!

КЪБР-м и премьер-министр Мусуков Алий иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ республикэм и Правительствэм деж уз зэрыщIалэхэм япэщIэтыныжьмкIэ щыIэ комиссэм и зэ1ущIэ. Абы щыхэплащ къым геморрагие техьэгъуэм и нэгъабрей эпидемие лъэхъэнэм къриКIуэхэмрэ мэлхьэпlатlэм къыпкърыкI уз зэрыщIалэхэм защыхъумэныжьмкIэ мы гъэм къызэгъэпэщыпхъэ Iуэхугъуэхэр зыхуэдэмрэ.

УРЫСЕЙМ Потребительскэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ **Мартынов Александр** къызэрригъэлъэгъуамкIэ, 2016 гъэм и эпидемие лъэхъэнэм мэлхьэпlатlэ зэдзэкъахэу республикэм и сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ щIыху 940-рэ екIуэлIащ. Абыхэм ящыщу 363-р сабийщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр кърым геморрагие техьэгъуэр зыхуэлъэ щIыпIэщ. Эпидемие лъэхъэнэм хэрубыдэу мэлхьэпlатlэхэр щIыху куэдым йодзакъэ. Ар республикэм и щIыпIэ псоми щынэрылъагъущ. Мэлыжьыхьым къыщыщIэдзауэ щэкIуэгъуэ пщIондэ зи гугъу тщIы хьэпIащIэхэр жыджэрщ, нэкьыгъуэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм хуабжьу мэяпэ. Мэлхьэпlатlэхэр нэхъыбэу удзыпIащIэхэм хэсщ, чыцэхэми тесщ. ЦIыхум и щIыфэ пцIанэм нэхърэ, щыгъын щIагъэр нэхъ хъащтэ. Зыхэпщхьэну щIыпIэр зэманыфIкIэ -ику иту дакъикъэ 30-кIэ - къалъыхъуэри, пъым ефэн щIамыдзэ щIыкIэ къыпхуэгъуэтынущ, - къыхигъэщхьэхукIащ Мартынов Александр.

Мэлхьэпlатlэхэм узыфэ зэрыщIалэ куэд кърахьэкI. А хьэпIащIэ лIэужьыгъуэхэм къыпхуахьынкIэ хъуну узыфэ шынагъуэхэм ящыщщ цIыхум и псантхуэр зэтезыкъутэ мэлхьэпlатlэ (клещевой) энцефалитыр, геморрагие техьэгъуэр, боррелиозыр, нэгъуэщIхэри.

Эпидемие лъэхъэнэм къриубыдэу, мэлхьэпlатlэр нэхъ щыздакъэ щIыпIэхэм ящыщщ Тамбыкъан хыжьейр, Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гъунапкъэм деж щыIэр, щIынальэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикI зыгъэпсэхуакIуэхэр куэду къызэкIуалIэр. Абдежым щыпэкIу цIыхухэр нэгъабэ Урысейм и Роспотребнадзорым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и къудамэм хуэтхъэусыхауэ щытащ, а щIыпIэм уэру къыщыкI удзэкъэ и чэзум зэрыпамыупщIам къыхэкIыу.

Мэлхьэпlатlэхэм къапкърыкI узыфэкъэ къэмыхьэй щIыкIэ, паркхэм, стадионхэм, республикэм и щIыхуэхэмрэ хьэщIэхэмрэ сытым дежи зыщагъэпсэху и щIыпIэхэм акарицидхэмкIэ елэжьын хуейщ.

ГурыIуэгъуэщ республикэм геморрагие техьэгъуэ къызыш мэлхьэпlатlэхэр щыгъэмэщIэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм щIынальэ муниципалитетхэми ахъщэ халъхьэн зэрыхуейр. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, и нэхъыбапIэм ахэр а Iуэхум хуэнэф-хуэдэгум хуэдэщ, абы теухауэ унафэ ткIий зэрыщымыIэм къыхэкIыу.

Урысейм Потребительскэ кIэлъыплъыныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм къалэ округхэмрэ щIыпIэ администрацэхэмрэ я унафэщIхэм илъэс къэс захуигъаззми, абыхэм а Iуэхум мылъкуу хуахьыр мащIэ дыдэщ. Абы къыхэкIыу, профилактикэ лэжьыгъэхэр и чэзум фIагъ хэлъу егъэкIуэкIа хуяркъым, араущи, мэлхьэпlатlэхэр мэбагъуэ, цIыхухэм хуэлъэхэр нэхъыбэ мэхъу. ЩытыкIэм икIэщIыпIэкIэ зегъэхьэжьын зэрыхуейм щытрагъэчыныхьащ зэIущIэм икIи абы теухауэу унафэ къыщащтащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Гу зылъытапхъэ

«Адыгэ псалъэм» Iэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъуфIхэ!

Илъэс ныкъуэм ныфхуахыну ди газетым Iэ щIэвдзыну фыхуэмысамэ, иджыри Iэмал фиIэщ ар вгъэзэкIуэжыну.

Гъатхэпэм и 28 пщIондэ Iэ щIэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфIэрыхьэнущ мэлыжьыхьым и 1-м къыщыщIэдзауэ.

Мазищым ди газетым и уасэр сом 327-рэ кIэпIейкIэ 99-рэщ.

Ди индексыр 51531

КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ Шэджыхьэщ1э Хьэмыщэ и махуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Шэджыхьэщ1э Хьэмыщэ псэуэжатэмэ, нобэ и ныбжьыр илъэс 85-рэ ирикъунут.

ШЭДЖЫХЬЭЩIЭ Хьэмыщэ Тэрч щIыналъэм хыхьэ Урожайнэ къуажэм къыщалъхуащ. Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэр абы ирихьэкIащ икIи дэтхэнэри иригъэфIэкIуэнымкIэ и гуащIэ емыблэжу, и пщэрыльыр нэгъэсауэ зэрригъэзэщIэнум хущIэкъуу къежIуэкIащ.

Адыгэ литературэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа тхакIуэщ Шэджыхьэщ1э Хьэмыщэ. «Лыпlэ иуващ» жыхуаIэ ныбжьым нэсауэ литературэм хыхьами, тхэным псынщIэу Iэкlуэлъакlуэ хуэхъуат, анэдэлъхубзэр фIы дыдэу зэрищIэм, абы и дахагъэр, и къулеягъэр къызэригъэсэбэпыфым къыхэкIыу, зэман мащIэм къриубыдэу и Iэдакъэм къыщIэкIащ цIыхухэм ягу къ1ина тхыгъэхэр. Апхуэдэхэщ «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч», «Дыщэм ефIэкIыу», «Дыщэр дыщэпс хуэныкъуэкъым», «Мазизэ», «Гум псори къонэ», «Тэрч щыхьэтщ», «Лъыщ1эж» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

Зи гуащIэмрэ лэжьыгъэмрэ ящымыгъупщэ тхакIуэм теухуа тхыгъэ зыубгъуа ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

● Щіэ

Зы жыпхъэм иту ягъэхьэзыр

КъБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІэ зэІуущІэм зэпкърыхаяу щытепсэлъыхьащ министерствэм и Іэнатіэхэм зэфІах къэрал Іуэхутхьэбзэхэм.

КъБР-мкІэ МВД-м ЩІэпхъаджагъэу къэхъуам я хьыбарыр здекІуалІэ и центрым (ИЦ) и инспектор нэхъыжь **Тхьэмокъуэ Элеонорэ** къызэрыхигъэщамкІэ, министерствэм гулъытэ хэха хуещІ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр, абы электрон Іэмалхэри яхэту, цІыхухэм яхузэфІихыным.

- Къэпщтэмэ, иджыкІэ ИЦ-м къэрал Іуэхутхьэбзэу тху зэфІегъэкІ: зи суд ящІа, ямыщІа; уголовнэ Іуэху кьыхуаІэтаяу щыта е а уголовнэ Іуэхур зэхуащІыжа; политикэ залымыгъэм и лей зылъысар хей зэращІыжам теухуа; къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ органым щахъумэ архив документхэм я копиехэр; УФ-м ирашын хуей дэфтэрхэм мыхъур тегъэуэнырэ; езыхэм я фІэфІыныгъэкІэ къэрал дактилоскопие трахыныр,- жиІащ Тхьэмокъуэм.

2017 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ ИЦ-м щат докутым хуит имыщІу наркотикхэкІэр е акъылыр зыгъэутхъуэу нэгъуэщІхэр зэрызрихьэлІам теухуауэ административнэ тезыр ихьамэ е апхуэдэ зэрыщымыІэм теухуа справкэхэр.

Къэрал Іуэхутхьэбзэхэм ехьэлІауэ ИЦ-м зыкъыхуэзыгъазэхэм я бжыгъэм илъэс къэс хохьэу. 2016 гъэм ятха лъэІу 15812-м ящыщу 3662-р къэрал ІуэхутхьэбзэхэмкІэ порталымкІэ (ЕГПУ) кьалэрыхьащ. Центрым Іэмал иІэщ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэман кІэщІым кірыибыдэу зэфІихыну.

- Сыт хуэдэ справкэри пщІэнтэу ират, хамэ къэрал яшэн хуейм кьищынэмыщІа. Къэрал зыбжанэ зэгурыІуауэ зы жыпхъэм иту ягъэхьэзыр дэфтэрхэм къэрал пошлинэу сом 2500-рэ щІат. Центрым екІуалІэ хьунущ блыщхьэм щыщІэдзауэ мэремыр хиубыдэу, апхуэдэуи мазэм и етІуанэ, епплІанэ щэбэт махуэхэм, - жиІащ Тхьэмокъуэ Элеонорэ.

КъБР-мкІэ МВД-м и УГИБДД-м и къэрал инспектор, полицэм и майор **Боттаевэ ФатІимэ** жиІащ зэфІагъэкІ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэрыфагъэфІакІуэным яужь зэритыр. Къапщтэмэ, электрон Іэмалыр нэгъабэ щІыху 530-м къагъэсэбэпамэ, 2017 гъэм и япэ мазитІым апхуэдэ къэрал Іуэхутхьэбзэу 12469-рэ зэфІахащ.

Мы гъэм и пэщІэдзэм хуэру игъэуэтащ «УФ-м и Налог кодексым и 333.35 статьям и 2-нэ Іыхьэм зэхуэдкІыныгъэхэр хэтхъэнымэ» теухуауэ 2016 гъэм щакІуэгъуэм и 30-м кьащта Федеральнэ законым. Абы ипкъ иткІэ иджы къэрал пошлинэм процент 30-р кІэрагъэху ар ятын папщІэ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я порталыр кьагъэсэбэпамэ. Боттаевэ ФатІимэ кьызэрыхигъэщащи, къэрал пошлинэм и процент 30-р зыхуікІэрагъэхэр цІыху щхьэхуэхэращ, армыхъуамэ Іуэхущапхэхэращ.

КъБР-мкІэ МВД-м Іэпхъэщапхъэу ІуэхухэмкІэ и управленэм Урысей Федерацэм и цІыхухэм, нэгъуэщІ къэралхэм къикІахэм, гражданствэ зимыІэхэм, апхуэдэуи Іуэхущапхэхэм къэрал Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрызрихьэлІам теухуауэ 16 хуащІэ.

- 2016 гъэм Управленэм Іэпхъэщапхъэу Іуэхум теухуа къэрал Іуэхутхьэбзэ 213779-рэ яхуищащ. Абыхэм ящыщу 148770-р - цІыху щхьэхуэхэм, 65009-р - Іуэхущапхэхэм, - жиІащ республикэ МВД-м Іэпхъэщапхъэу ІуэхухэмкІэ и управленэм и инспектор нэхъыжь, полицэм и майор **Бекъуэ Сэлим**.

Бекъуэм кьызэрыхигъэщащи, къэрал пошлинэр 0,7 коэффициентым тещІыхьауэ ятынымкІэ gosuslugi.ru къэрал, муниципальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ порталым лэжьэн щІидзэнщ бадзэуэгъэм и 1-м ирихьэлІэу.

ЗэІуущІэм зи гугъу щащІа Іуэхутхьэбзэхэм нэхъ пыухыкІауэ щыІэ щыщыщфынущ КъБР-м щыІэ МВД-м и Іэнатіэхэм я сайтым.

УАРДЭ Жансурэт.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Гъатхэпэм и 19-р Щыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэзыщІэ Іэнатіэхэмрэ ЖКХ-мрэ я лэжьакІуэхэм я махуэщ

Фіагъымрэ хьэрхуэрыгъэмрэ: я лъэр рынокым щагъэбыдэ

Иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэнэ щыпІи Іуэхутхьэбзэщапіэхэм нэрылъагъуу зыщащэ. Республикэм и кьалэхэмрэ кьуажэхэмрэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэр куэду къыщыцІэІуах.

ШІЫПІЭХЭМ къыщыцІэзграгъэпщ мастерскойхэм, лъэщапІэхэм, цехэхэм, салонхэм, центр мыинхэмэ курытхэмрэ цІыхухэм лэжьыгъэ щагъэуэ. Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъымрэ хьэрхуэрыгъэм и мыхьэнэмрэ хохъуэ, кьагъэлъагъуэ жыджэрагъым я лъэр рынокым щегъэбыдэ. ЦІыхухэр, унагъуэхэр зыхуейр, зыщІэупщІэр кьалъытэ, арэзы зэращІыным хущІокІу. Кьалэхэм, район центрхэм я мызакъуэм ахэр хьарзынэу щагъуэт. Дэрбэзэрхэм, шы рыкъущІэхэм, сыхьэтщІыжхэм, вакъдыжхэм, парикмахерхэм, сурэттеххэм, ІэмэпсымэщІыжхэм, нэгъуэщІ куэдхэми я Іуэхутхьэбзэхэм кьадэкІуэу, унагъуэхэмрэ къаралымрэ я сэбэп зыхэлъ кьалэн щхьэпэхэри ягъэзащІэ. Псальэм папщІэ, гъущІыкІэм щелэжьу Нарткъалэ дзт цехым щагъэхьэзыр кьубжэхэм, тхыпхъэщІыпхъэхэмкІэ гъэщІэрэщІа къэухьхэм, уэрамхэр зэрагъэдахэ пкъыгъуэхэм щыгъэхьшхуэ яІщ. ЦІыхуэхэр зыхуей апхуэдэ Іуэхутхьэбзэхэхэри, нэгъуэщІхэри республикэм щымащІэкъым, зыр адрейм дэпльеІуэу, щапхъэ хэхъуурэ заужь, я зэфІэкІымрэ я Іэзагъымрэ хохъуэ.

ЖКХ-м и Іэнатіэхэм жэуапльныгъэшхэу зыпльъ кьалэн зэгъэзащІэ - псыкІэ, токкІэ, хуабэрэ газкІэ зэфІэмыІуэу псэупІэхэр кьызэрагъэпэщ. Гъэзгухэр, уэрамхэр ягъэхьабзэ, зэлъыІуах, ягъэнэху. КъищынэмыщІауэ, фэтэр куэд хъу унэхэм я щыгъэкІэм, инженер сетхэм, жьы икІыпІэхэм, уэнжакъхэм, хьэкухэм я лэжьэкІэм кІэлъэпльъ.

«ЗэхъуэкІыныгъэм» кьштхуихьауэ щыта гугъуехь инхэм Къбэрдей-Балъкъэр дэрбзэр зэгухьэныгъэм хэта «Берёзка» ательем и лъэр хущІэудакъым, куэдрэ зэхэзэдзэн хъуами, и цІэмрэ и пщІэмрэ ихьымжауэ, Налшык щиІа и хащІапІэ дыдэм ноби щолажьэ, нэхъапэми хуэдэу, цІыкІэхэм Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр яхуещІэ. А псор зи нэгу щІэкІа, «Класс нэхъыщхьэ зиІэ дэрбзэр» цІэ льапІэр хуэфащэу зезыхьэ Нэгъэщу Валентинэ абы льандэрэ и мастэнэр зэфІакъым, зэгуэр кьыхихауэ щыта Іэщ ІагъэмэкІэ, и Іэнатіэм пэрытщ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэныжмкІэ и министерствэм Іэщ ІагъэмкІ минхэр зиІэ Іэнатіэ куэд хьыхьрт, дэтхэнэми и лэжьыгъэр сыхьэтым хуэдэу зэтеуэхуати, зэхъэзэхуэр къэтІасхэртэкъым. Ди ательер пашэхэм ящыщт, щапхъэу ягъэльагъуэрти, зымащІэкІи зыкъыщІэдгъахуэртэкъым. Іуэхутхьэбзэшхуэ зэфІэдгъэкІыпрт, предприятэхэм, курыт еджапІэхэм, сабий гъэсапІэхэм къэрал заказ кІэ щыгъын хэхахэр яхуэдэрт, мазищ къэс кьыхалъхьэ моделхэм я ешІыныгъэхэм ди Іэщ ІагъэлІхэм яп зывиПІэр кьыщащхьырт. Модэм кІэлъыплъхэр зэрыкьытхуэкІуэрти, жыджэру дахуэдэрт. Бригадищ сІыгъри, кьыдалъхуами ярейуэ, абыхэм хэт дэтхэнэри дэрбзэр Іуэхум хуабжьу хуэІэззэт, - жеІэ Валентинэ а лъэхъэнэр игу кьиГъэкІыжу.

Къэралыр якъутэжа нэужь, «Берёзка» ательер акционер обществэ хъуад, иужькІэ цІыху пщыкІутху зэгухьэри кьащІэжужауэ, я хабзэфІым папщІэ, кьахуэкІуэ цІыхухэм гугъэзагъэу я лъэхъэнэр игу кьиГъэкІыжу.

Къэралыр якъутэжа нэужь, «Берёзка» ательер акционер обществэ хъуад, иужькІэ цІыху пщыкІутху зэгухьэри кьащІэжужауэ, я хабзэфІым папщІэ, кьахуэкІуэ цІыхухэм гугъэзагъэу ядолажьэ, Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр фІагъ хэлъу хуэзфІагъэкІ: щыгъыныщІэхэр хуад, дерт зиІэхэр, кьащэхуэхэр зэрэзгъэзэхуэж, уасэхэр ешІырабгъущ, хуэмыщІакъым худачых.

И лэжьыгъэ нэхъыщхьэм кьыдэкІуэу, Нэгъэщу Валентинэ жьы гъуэ Іуэхуми хуэжьыдэрщ. Зи Іэщ Іагъэм куууэ хэзыщІыкІ цІыхубз гумызагъэр дэрбзэр ныжьыщІэхэм я зэпеуэхэм ирагъэблагъэ, жюрим хэтуи, и закъуэуи я зэфІэкІыр кьепщытэ. Адыгэ лъэпкъ фащэхэм я дыкІэм хуэІэззащІи, абы дихьэхэхэм ядолэпыкъу, и щэхуэм хегъэгъуазэ, трегъэгушхуэ. Дэрбзэру еджэ ныжьыщІэхэм я республикэ зэпеуэхэм кьариКІуэкІэр пэжу кьызэрилъытэм, хуэфащэ зэфІэкІрэ Іэзагъэрэ зэрыбгъэдэпльым, ахэр гунэсу щІэблэм зэрабгъэдилъхьэм папщІэ, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм и фІыщІэ тхылъ иджыблагъэ кьыхуагъэфэщащ. И гуащІэм кьыпэкІуэу апхуэдэ дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэ куэд Валентинэ кьратащ, ноби гупытэншэ хъурэкъым.

- ЦІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэныр сызэрикьалэн нэхъыщхьэр зыщыгъэгъупщэркъым. Илъэс щащІ ипэкІэ зэрыщІэздзауэ щытар аращи, иджыри абы сытетщ. Си закъуэкъым - сэ схуэдэжр Іэджащ. Абыхэм ящыщу илъэс тхущІ хьауэр цІыхухэм хьэпэлу ядалажьэ дэрбзэр Іэзэхэу Андриенкэ Надеждэ, Аргустонян Нелли, нэхъ щІалэхэу Бэгъуэт Іэсият, Кузнецовэ Ларисэ, Къумыкъу Татьянэ, КІэфо Жаннэ, нэгъуэщІ куэдхэри. ГъэщІэгъуэныракъэ, адрей ателькэм, республикам и нэгъуэщІ кьалэхэмрэ районэмрэ щыІа апхуэдэ дэрбзэр цехэм щылэжьахэмрэ дэрэ дыззэфІэкІуэдакъым, дыззрощІэ, зэпоспалъэ, зэхьэзэхуэшхуэ дяку дэлъу щыщыта зэманыфІыр дигу кьыдогъэкІыжыр. Іэнатіэ ямыІэжми, абыхэм я нэхъыбзэм мастэ-Іуданэр ягъэтІылъыжакъым, мабзэ, мадзэ, цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ хуащІэ, сэбэп яхуохьу. Илъэс куэдкІэ мы Іэщ Іагъэ дахэм икІи щхьэпэм хуэпэжахэми, нобэ ар зи Іэпэгъэхэм я дежкІэ пщэдейрей махуэр льапІэщи, абыкІэ псомкІи сохъуэхьу. Мурад гуэрхэр зимыІэ щыІэкъыми, я нэхъыфІхэр хьэхулІэну си гуапэщ, - жеІэ Валентинэ я махуэм и мыхьэнэр къыхигъэщу.

ЦІыхухэм, унагъуэхэм, Іэнатіэхэм я фІыщІэ къажьэу Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр дэзыгъэкІыр Нэгъэщу Валентинэ хуэдэ щІэблэ ЦІыху гумызагъэхэращи, дяпэкІи Тхьэм хущІигъэхьэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Егъэджэныгъэ

Тхылъ къызэрыдагъэкІым зыщагъэгъуазэ

Гъатхэпэм и 14-м КъБКъУ-м и Хьыбарегъащ Іэ центрым щекІуэкІащ электрон жыпхъэм и тхылъхэм егъэджэныгъэм щагъэзащІэ мыхьэнэм теухуа семинар. Лекцэ кьеджащ «Русское слово» тхылъ тедзапІэм и хьыбарегъащІэ-методикэ къудамэм и унафэщІ, Урысейм егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Алексеев Александр.

УНИВЕРСИТЕТЫМ и библиотекэм и унафэщІ Роголев Александр зэІуущІэр кьыщызэІуихым кьыхигъащІащ зи гугъу ящІ Іуэхум ди зэманым мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

- Иджыпсту XXI лІэщІыгъуэр йокІуэкІ, зэманым езым и хабзэхэр кьыхтхуегъуэ, абы кьыхэкІыуи егъэджакІуэ Іуэхущапхэхэм хъыбарегъащІэ технологическим кьыдат Іэмал псори кьыщыдгъэсэбэпын хуейщ, - жиІащ библиотекэм и унафэщІым.

Алексеев Александр тепсэльыхьащ «Русское слово» тхылъ тедзапІэм электрон жыпхъэм иту игъэхэзэр зэрыгъагъащІэ тхылъхэр зыхуэдэм.

- Дэ диІэщ тхыдэмкІэ, географиемкІэ, литературэмкІэ, нэгъуэщІ предметхэмкІи тхылъ гъэщІэгъэун куэд. Ди Іуэхущапіэр илъэс 25-рэ хъуауэ хуолажьэ егъэджакІуэ зэгъэзэнныгъэр щІэнныгъэмрэ егъэфІакІуэным, - кьыхигъэщащ абы.

КъБКъУ-м и Педагогикэ, ТхыдэмкІэ, филологиемрэ хьыбарегъащІэ ІэнатіэхэмкІэ и институтхэм я студентхэр яфІэгъэщІэгъуэну едэІуащ Москва кьикІа хьащІэм жиІэжэм. Тхылъ тедзапІэм и лэжьыгъэм щІэуэ кьыхьихьа Іуэхуэр къыщигъэльагъуэм Алексеевым и гугъу ищІащ зэрыгъаджэ тхылъхэмрэ учебнометодикэ комплекхэмрэ зэрызэхагъэувэм. Езым и Іуэху еплъыкІэхэмкІэ студентхэм щадэгъашэм, абы кьыхигъэщащ электрон жыпхъэм и зэрыгъаджэ тхылъхэм кьалэшхуэхэм щІэупщІэ зэрыщІэр, ныжьыщІэхэм я джежІэ абы фІагъыу иІэхэми кьыгъэлъагъуащ.

- ИкъукІэ псалъэмакъ гъэщІэгъуэн кьыддебгъэкІуэкІащи, фІыщІэ пхудощ. Сэ кьыхэхэха егъэджакІуэ Іэщ Іагъэм сэбэп кьыщыхсухэхуфын куэд кьыщысщІащ нобэрей зэІуущІэм, - жиІащ зэІуущІэм и кІэуэным КъБКъУ-м и Педагогикэ институтым щеджэ пщащэм.

ДОЛ Иннэ.

● ТхылъыщІэ

Адыгэ щэнхабзэм и хъугъуэфІыгъуэхэр щызэхуэхьэсащ

Санкт-Петербург и «НП-Принт» тхылъ тедзапІэм иджыблагъэ къыщыдэкІащ «Предметы культуры адыгов в собрании Российского этнографического музея» тхылъыр. КъыдэкІыгъуэм тхыгъэхэр урысыбзэкІи инджылызбзэкІи ихуащ. Тхылъ щхьэпэр къыдэкІыным-кІэ дэІэпыкъуэгъу хъуащ ЖьакІэмыхъу Аслъэнбий.



ТХЫЛЪЫР зэгъуэзу зэгъэзэыращ Урысейм и этнографие музейм и лэжьакІуэхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Санкт-Петербург щыпсэу, зи щэнхабзэм, тхыдэм фІыуэ щыгъуазэ адыгэхэмрэ. КъыдэкІыгъуэм хагъэхьэну хьэпшпхэр кьыхахащ икІи абыхэм ятеуухуа тхыгъэхэр ягъэхьэзыращ Урысейм и этнографие музейм Кавказымрэ Азие Курытымрэ ехьэлІауэ иІэ къудамэм и щІэныгъэ лъэкІуэ, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор **Дмитриев Владимиррэ** УФ-м и СурэтыщІэхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Мэстафэ Вячеславрэ**.

Музейм и унафэщІ, педагогикэ щІэныгъэхэм я доктор Грусман Владимир тхылъым и пэублэ псалъэм хуэфащэ зэфІэкІрэ Іэзагъэрэ зэрыбгъэдэпльым, ахэр гунэсу щІэблэм зэрабгъэдилъхьэм папщІэ, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхухэмкІэ и министерствэм и фІыщІэ тхылъ иджыблагъэ кьыхуагъэфэщащ. И гуащІэм кьыпэкІуэу апхуэдэ дамыгъэ зэмылІэужьыгъуэ куэд Валентинэ кьратащ, ноби гупытэншэ хъурэкъым.

- ЦІыхухэм Іуэхутхьэбзэ яхуэщІэныр сызэрикьалэн нэхъыщхьэр зыщыгъэгъупщэркъым. Илъэс щащІ ипэкІэ зэрыщІэздзауэ щытар аращи, иджыри абы сытетщ. Си закъуэкъым - сэ схуэдэжр Іэджащ. Абыхэм ящыщу илъэс тхущІ хьауэр цІыхухэм хьэпэлу ядалажьэ дэрбзэр Іэзэхэу Андриенкэ Надеждэ, Аргустонян Нелли, нэхъ щІалэхэу Бэгъуэт Іэсият, Кузнецовэ Ларисэ, Къумыкъу Татьянэ, КІэфо Жаннэ, нэгъуэщІ куэдхэри. ГъэщІэгъуэныракъэ, адрей ателькэм, республикам и нэгъуэщІ кьалэхэмрэ районэмрэ щыІа апхуэдэ дэрбзэр цехэм щылэжьахэмрэ дэрэ дыззэфІэкІуэдакъым, дыззрощІэ, зэпоспалъэ, зэхьэзэхуэшхуэ дяку дэлъу щыщыта зэманыфІыр дигу кьыдогъэкІыжыр. Іэнатіэ ямыІэжми, абыхэм я нэхъыбзэм мастэ-Іуданэр ягъэтІылъыжакъым, мабзэ, мадзэ, цІыхухэм Іуэхутхьэбзэ хуащІэ, сэбэп яхуохьу. Илъэс куэдкІэ мы Іэщ Іагъэ дахэм икІи щхьэпэм хуэпэжахэми, нобэ ар зи Іэпэгъэхэм я дежкІэ пщэдейрей махуэр льапІэщи, абыкІэ псомкІи сохъуэхьу. Мурад гуэрхэр зимыІэ щыІэкъыми, я нэхъыфІхэр яхьулІэну си гуапэщ, - жеІэ Валентинэ я махуэм и мыхьэнэр къыхигъэщу.

ЦІыхухэм, унагъуэхэм, Іэнатіэхэм я фІыщІэ къажьэу Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр дэзыгъэкІыр Нэгъэщу Валентинэ хуэдэ щІэблэ ЦІыху гумызагъэхэращи, дяпэкІи Тхьэм хущІигъэхьэ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 18, *щэбэт*

♦**Къурымыр Урысейм къыщыхьхьэжа махуэщ**. 2014 гъэм Іэ традзащ Кърым Республикэмрэ Севастополь кьалэмрэ Урысей Федерацэм кьыхэхьэжьыным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦**Жюрий и дунейпсо махуэщ**

♦**Белоруссием и къэрал кІуэцІ дзэхэм я махуэщ**

♦**1662 гъэм** Париж дунейм щыяпэу лэжьэн щыщІидзащ жылагъуэ транспортым, «омнибус»-кІэ зэджэм. Ар цІыхуи 8 зэуэ зэрыхуэ, ныжьэ зытелъ, къэуфыхьа шыгу зэщІэщІат.

♦**1871 гъэм** Франджым Париж коммунэр къыщыззэрагъэпэщащ.

♦**1892 гъэм** США-мрэ Канадэмрэ я хоккей командэ ныжьыкІхэм хуагъэфащэ саугъэтыр - Стэнли и Кубокыр - ягъэуващ.

♦**1913 гъэм** Налшык къыщыдэІуахащ округым и лъэпкъхэм я І съездыр.

♦**1965 гъэм** СССР-м и летчик-космонавт Леонов Алексей «Восход-2» кхъухьым икІри, хьэрш зэІухам яп дыдэу хьихащ.

♦**1980 гъэм** «Восход-2М» ракетэр Плесецк космодромым щауТІыпщыным щыхуагъэхьэзырым къуэщ, абы мафІэсышхуи кьишащ. А насыпныншагъэм цІыху 48-рэ хэкІуэдащ, 40-м щІигъум фэбжьышхуэхэр хахауэ щытащ.

♦Урыс композитор цІэрыІуэ, дирижёр, жылагъуэ лэжьакІуэ **Римский-Корсаков Николай** къызэралъхурэ илъэси 173-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессору щыта, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и 4-нэ, 3-нэ нагъыщІэхэр зыхуагъэфэща **Хъупсырокъуэ Хьэзыр** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и щхьэхуэ тхакІуэ **ЩІэджыкІхьэщІэ Хьэмыщэ** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист, Олимп чемпион, дунейм плІэнёрэ и чемпион, Европэ чемпионатым щэнёрэ щытекІуэ **Ягудин Алексей** и ныжьыр илъэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 19, *тхьэмахуэ*

♦**Іуэхутхьэбзэ зыхуащІэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм и псыщІагъыркІуэ къухьхэм я кулыкъу щызыщІэзэн махуэщ**

♦**Финляндием щагъэлъапІэ цІыхухэр я хуитныгъэкІэ зэхуэгъэдэным и махуэр**

♦**1474 гъэм** ІэмэпсымэщІэхэр къэзыгупсысахэм, къэхутэныгъэщІэхэр наІуэ къэзыщІахэм яхуэгъэза хабзащІэ Венецием кьыщащтащ - авторым и хуитныгъэхэр хьумэным хуэунэтІауэ дунейм щыпэ закон щІ.

♦**1899 гъэм** Урысейм щыяпэу Петербург кьалэм кьыщызэІуахащ «ДэІепыкъуэгъу псынщІэ» станц.

♦**1906 гъэм** император Николай ЕтІуанэм унафэ кьыдигъэкІащ Балтие тенджызым и псыщІагъыркІуэ къарухэр къызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦**1922 гъэм** Москва и Шаболовкэ щІыпІэм лэжьэн щыщІидзащ радионэтынхэр «эзбгрызых» чэщанэм.

♦**1958 гъэм** Страсбург (Франджы) кьалэм Европарламентым и япэ зэІуущІэр кьыщызэІуахащ.

♦Совет къухьхьатэзехуэ Іэзэ, Совет Союзым и Лыхъужь цІэр щэнёрэ япэу зыфІаща, авиацэм и маршал **Покрышкин Александр** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Композитор, УФ-м щыхь зиІэ и артист **Къашырыгъэ Билал** и ныжьыр илъэс 87-рэ ирокъу.

♦КъэфакІуэ, КъБР-м щыхь зиІэ и артисткэ **Дзыхьмыщ Зарэ** кьыщалъхуа махуэщ.

♦УэрэджьакІуэ, Жылагъуэ пэжьакІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубз артист **Леонтьев Валерий** и ныжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьакіуэ, жылагъуэ пэжьакІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубз артисткэ, «Русская песня» ансамблым и къызэгъэпэщакІуэ икІи и унафэщІ **Бабкинэ Надеждэ** и ныжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Урысей политик, экономист, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор **Гайдар Егор** къызэралъхурэ илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Биатлонист цІэрыІуэ, Урысейм спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, дунейпсо зэпеуэ куэдым къыщыхьжаныкІа, олимп чемпион **Малышко Дмитрий** и ныжьыр илъэс 30 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 8, жэщым градуси 2 - 4 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 20, *блыщхьэ*

♦**Насыпым и дунейпсо махуэщ**

♦**Астрологием и дунейпсо махуэщ**

♦**Франкофониием (франджьбзэм щрипсалъэ щІыналъэхэм я зэгухьэныгъэм) и махуэщ**. Абы хохьэ хьэрал 56-рэ.

♦**Лы мышхыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Башкириием автономие щигъэта махуэщ**

♦**Тунисым и щхьэхуитныгъэм и махуэщ**

♦**1535 гъэм** Урысейм ягъэ дыдэу ахъшэ реформэ щрагъэкІуэкІащ.

♦**1930 гъэм** Москва авиационнэ институт къыщызэІуахащ.

♦**1933 гъэм** ВКП(б)-м и ЦК-м «Москва метрополитен щыхуэным теухуауэ» унафэр кьищтащ.

♦**1944 гъэм** Дохьушькьуей спирт заводым, зэрагъэпэщыжа нэужь, лажьэу щІидзэжащ.

♦**1992 гъэм** Урысей Федерацэм и ЛІыхъужь щІэмрэ «Дыщэ вагъуэ» медалымрэ ягъэуващ.

♦«ЩІыхь» орденым и нагъыщищи зыхуагъэфэща **Мусэ Менлы** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Урысей пианист, СССР-м и щыхьэ артист, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Рихтер Святослав** къызэралъхурэ илъэси 102-рэ ирокъу.

♦Композитор, КъШР-м гъуазджэхэмкІэ щыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Абдокъуэ Юрэ** и ныжьыр илъэс 50 ирокъу.

♦Урысей актрисэ, телензтынхэр езыгъэкІуэкІ **Стриженовэ Екатеринэ** и ныжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфаущ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Щэнхабзэ

Зы жыпхъэм иту ягъэхьэзыр

КъБР-м щыІэ МВД-м щекІуэкІэ зэІуущІэм зэпкърыхаяу щытепсэлъыхьащ министерствэм и Іэнатіэхэм зэфІах къэрал Іуэхутхьэбзэхэм.

КъБР-мкІэ МВД-м ЩІэпхъаджагъэу къэхъуам я хьыбарыр здекІуалІэ и центрым (ИЦ) и инспектор нэхъыжь **Тхьэмокъуэ Элеонорэ** къызэрыхигъэщамкІэ, министерствэм гулъытэ хэха хуещІ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр, абы электрон Іэмалхэри яхэту, цІыхухэм яхуэзфІихыным.

- Къапщтэмэ, иджыкІэ ИЦ-м къэрал Іуэхутхьэбзэу тху зэфІегъэкІ: зи суд ящІа, ямыщІа; уголовнэ Іуэху кьыхуаІэтаяу щыта е а уголовнэ Іуэхур зэхэзэхуащІыжа; политикэ залымыгъэм и лей зылъысар хей зэращІыжам теухуа; къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ органым щахъумэ архив документхэм я копиехэр; УФ-м ирашын хуей дэфтэрхэм мыхъур тегъэуэнырэ; езыхэм я фІэфІыныгъэкІэ къэрал дактилоскопие трахыныр,- жиІащ Тхьэмокъуэм.

2017 гъэм щІышылэм и 1-м щыщІэдзауэ ИЦ-м щат докутым хуит имыщІу наркотикхэкІэр е акъылыр зыгъэутхъуэу нэгъуэщІхэр зэрызрихьэлІам теухуауэ административнэ тезыр ихьамэ е апхуэдэ зэрыщымыІэм теухуа справкэхэр.

Къэрал Іуэхутхьэбзэхэм ехьэлІауэ ИЦ-м зыкъыхуэзыгъазэхэм я бжыгъэм илъэс къэс хохьэу. 2016 гъэм ятха лъэІу 15812-м ящыщу 3662-р къэрал ІуэхутхьэбзэхэмкІэ порталымкІэ (ЕГПУ) кьалэрыхьащ. Центрым Іэмал иІэщ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр зэман кІэщІым кірыибыдэу зэфІихыну.

- Сыт хуэдэ справкэри пщІэнтэу ират, хамэ къэрал яшэн хуейм кьищынэмыщІа. Къэрал зыбжанэ зэгурыІуауэ зы жыпхъэм иту ягъэхьэзыр дэфтэрхэм къэрал пошлинэу сом 2500-рэ щІат. Центрым екІуалІэ хьунущ блыщхьэм щыщІэдзауэ мэремыр хиубыдэу, апхуэдэуи мазэм и етІуанэ, епплІанэ щэбэт махуэхэм, - жиІащ Тхьэмокъуэ Элеонорэ.

КъБР-мкІэ МВД-м и УГИБДД-м и къэрал инспектор, полицэм и майор **Боттаевэ ФатІимэ** жиІащ зэфІагъэкІ къэрал Іуэхутхьэбзэхэр зэрыгъагъэфІакІуэным яужь зэритыр. Къапщтэмэ, электрон Іэмалыр нэгъабэ щІыху 530-м къагъэсэбэпамэ, 2017 гъэм и япэ мазитІым апхуэдэ къэрал Іуэхутхьэбзэу 12469-рэ зэфІахащ.

Мы гъэм и пэщІэдзэм хуэру игъэуэтащ «УФ-м и Налог кодексым и 333.35 статьям и 2-нэ Іыхьэм зэхуэдкІыныгъэхэр хэтхъэнымэ» теухуауэ 2016 гъэм щакІуэгъуэм и 30-м кьащта Федеральнэ законым. Абы ипкъ иткІэ иджы къэрал пошлинэм процент 30-р кІэрагъэху ар ятын папщІэ къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я порталыр кьагъэсэбэпамэ. Боттаевэ ФатІимэ кьызэрыхигъэщащи, къэрал пошлинэм и процент 30-р зыхуікІэрагъэхэр цІыху щхьэхуэхэращ, армыхъуамэ Іуэхущапхэхэращ.

КъБР-мкІэ МВД-м Іэпхъэщапхъэу ІуэхухэмкІэ и управленэм Урысей Федерацэм и цІыхухэм, нэгъуэщІ къэралхэм къикІахэм, гражданствэ зимыІэхэм, апхуэдэуи Іуэхущапхэхэм къэрал Іуэхутхьэбзэ зэмылІэужьыгъуэхэр зэрызрихьэлІам теухуауэ 16 хуащІэ.

- 2016 гъэм Управленэм Іэпхъэщапхъэу Іуэхум теухуа къэрал Іуэхутхьэбзэ 213779-рэ яхуищащ. Абыхэм ящыщу 148770-р - цІыху щхьэхуэхэм, 65009-р - Іуэхущапхэхэм, - жиІащ республикэ МВД-м Іэпхъэщапхъэу ІуэхухэмкІэ и управленэм и инспектор нэхъыжь, полицэ

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№23-25, 27, 29-32, 37, 38, 42, 46-хэм итщ)

- Абыхэм хабзэ кьыззопызыудэмрэ къемызэгъ зылэжьэмрэ къальхъуэу аращ, - жиIащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм. - Сыт щхьэкIэми сщIэркъым, ауэ мыбыкIэ щыIэ сэлэтхэр хьэлыншэ дыдэщ.

- Фэ абыхэм щхьэкIэ хэхаэу зыгуэр къэзгъэльагъуэу ара щэбэт пщыхьащхьэхэм?

- Дэ ахъшэ къэдлэжьын хуейщ, - жиIащ абы си нэм къыщIэпльэурэ. - Дэ дыцIыхубэ театрщ, къэралым и мылъку кьыттригъэкIуадэркъым.

Нэмыщ1-Iэмыщ1у ар къэIэбэри, си джанэ пщампIэм кьыкIэрыпщIа шхий налъэр ящIрихащ. Абы иужькIэ зы псалъэ зэжедмыIауэ, дз дынэсащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр щыпсэу унэм. ЩIыпIэщIыдэ жыгым и щIагъым дыщыщIэтам абы и нэ фIыцIэхэм я фэр хьуэжу удзыфафэ хъуауэ кьысфэщIат. Сэ си пIэм сиз-гъэжьртэкъым...

- Си лIым кьызжиIащ уи ныбжьым емылъытауэ фадэ ефэнми хъарзынэу уэзрыхэзагъэр, - жиIащ абы. - Уи адэр ефэрэт?

Сэ си щхьэр сщIащ «нтIэ» кьиз-гъэкIыу. КьыскуэмыщIэжыр абы и лIымрэ сэрэ дыззедефэн хуэдэу зы Iэнэ дыщIапрэсарат, ауэ сыщIэупщIэу жезгъэIэныи сыхуейтэкъым. Си гур икъутыхьауэ кьыскфэщIыпри, прои зэрызыщIэгъэгъупщэным сыхущIэкъут. КьищынэмыщIауэ, сабийм хуэдэу си жагъуэ хьурт псыкъуий къэтIын дыухмэ, Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр слъагъуну Iэмал сызэримыIэжынур.

Ар аргуэру зэ щабэу икIи гуапэу кьыскуэгуфIащ. Асыхьэтым сэ зыхэсщIащ театрым щыслъэгъуа зэадзэзкъуэм ягъэва хэкIыпIэнщагъэм хуэдэ дыдэ.

- Тургай нобэ Истамбул кIуащ, - жиIащ абы зэрыпIугуфIыкIым хуэдизурэ. - Уэри, уи адэм ещхьу аркъэ фIыуэ пльагъумэ, зы кумбыгъэ щIыкIу кьыпхуизгъэхъуэфынущ.

- Куэду си гуапэ хъурт, - жызоIэ сэ. - КьищынэмыщIауэ уи щхьэгъусэр зэзгъэцIыхунщ.

- Тургайщ си щхьэгъусэр, зыпщIыхьэщхьэ фызэдефати абырэ уэрэ, - жеIэ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм. Зыхэсхар кьызгурыIуэным ежьэу ар тIэкIурэ щыму щытащ, итIанэ кьыпищащ. - Тургай мэукIытэ и щхьэгъусэр езым нэхърэ илъэсиблкIэ зэрынэхъыжьым щхьэкIэ икIи ифIэфIкъым дыкъэзымыщIыхьуэж дызэрэзэщхьэгъусэр яжриIэну. Ар зэрыщIалэм емылъытауэ губзыгъэщ икIи щхьэгъусэфIщ.

- А-а-а, сэ согупсысэри кьысхуэщIэжыркъым уи щхьэгъусэмрэ сэрэ дызэдефэну кьыщIытхуиухар дапщэщми, - жысIащ сэ ерагъыу, бэлыхь сызыхэтыр кьызыхэзмыгъэщIыну сыхущIэкъуу.

- ПтIулкIэ ныкъуэ хъун щIэтщ унэм. КонькIэ гуэри щыIащ, мы щIыпIэхэм щащIауэ, ди ныбжьэгъу маоистым и тыгъуэ. Тургай мыгувэу къэсыжьынущ, а зэрызэм дызэдефэнщи дыкъыщIэкIыжьынщ. Уэ уощIэ, дэ мыбы дызэрыщIынэу пIалъэр нэблагъащ, махуэ зыбжанэ дэкIмэ, джежьынущ. Сэ уэ сыпхуэзэшынущ, Бей щIыкIу.

- Сэри уэ сыпхуэзэшынущ...

IункIыбзэр кьрихуаэу бжэр щыIуихьы:

- Уи аркъэм пхуэхэдзэну мыли, уедэзкъэжьину джэш гъэлыгъуа тIэкIуи сиIащ сэ, - жеIэ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм.

- Джэш гъэлыгъуа сэ сыхуейкъым, - естыжащ абы жэуап.

Пэлъщ1э пшъыи и уэздыгъэр щIигъанэуэрэ, Бзылъхугъэм си дежкIэ зыкIитIаазэри:

- Ущ1ашынэн лъэпкъ щыIэкъым, - жиIащ абы. - Къаплъат, уи анэ сыхуэдэщ сэ.

19

БЗЫЛЪХУГЪЭ сригуэсу згъэкIуа япэ жэщт ар. КъэпIуэтэжьинкIэ псалъэ пхурикъунукъым сэ абы зыхьзи-гъэщIар. ГъащIэм хэзиIэ еплъыкIэми, дунейр кьыззэрыщIыхьуми, цIыхубзхэм я текхуаэу сщIэми напIэзэпIэм зи-хъуэжащ. Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм зызигъэльагъужащ икIи насыпым и зы пльыфэ кьызигъэщIы-хуащ.

Ар илъэс 33-рэ хъурт. НэгъуэщIу жыпIэмэ, сэ кьэзгъэщIам хэдизтI кьыпсэуат. А махуэм сэ согупсысыртэкъым ныбжькIэ дызэрызэхуэмыдэм, ауэ еджанIэм нысдэкIуэ си ныбжьэгъуэмрэ ди хьэбгъ щIалъэ щIыкIу-хэмрэ хъыджэбэ нэхъыжьхэм эрахъу дэпIыбгъ гу зэрыпIыстэрэ куэд щIат. Апхуэдэуи сэ сщIэрт Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэмрэ сэрэ дяку кьыдэхъуэр, абы зыхьизигъэщIари зы-ми хуэсIуэтэж зэрымыхъунур. Абы кьыхэкIыу фэри, си щIыджжыкIакIуэ лъапIэхэ, илъэс 16 - 17-м ит си ныбжьэгъу лицеистхэм яфIэхьэлэмэтми я фIэщ мыхъункIэ хъуну а кьэхъукъащIэм и тепльэгъуэ гуэрхэр ныжьежьмыIуэ къэзгъэнэжащ...

СыщыхьэщIа унэм сыкъыщIэкIыжьи ипэкIэ сэ Тургай и аркъэ птулькIэ ныкъуэфэр нэзгъэсащ, маоист лIыжьым и конькым щыщ зы кумбыгъэ щIыкIу-ри абы кIэлъыгъэкIыащ. Жащщыбгым фIыуэ фIэкIащ, сэ Онгёрен сыкьыдэкIыжащ, ауэ гъэугум захуэу срикIуэфырэтхьэм, си щхьэ кьрикIуа псори пщIыкъэпIэу кьыскущъхурт.

ДжабэнэкIуэм кIэрыт кхъэм сыкьыщысыжам, сэ сыкъэшынащ, сыкьыззэрытари си къэкIуэжьыкIэри Мыхьмуд-Iэзэ кьыззэрыщыхъунур зэуэ сигу къэкIри. Абы и шхыдэм щысхъымэну сэ сыхуейт а пщыкъэщхьэм сыжеягъуэ насып налъэмрэ си гур зыгъэбзэрабзэ гукъыдэжьымрэ. КьищынэмыщIауэ, ар кьызэфыгъэунэкIи хъунут. Кхъэм сыкьыблэкIыжа нэужь (кьыткIэлъымыдджауэ зэ закъуи дыблэзымыгъэкIа жьындуужьри, уеблэмэ жеижат абы ирихьэлIэу), си гъэугур згъэкIэщIын мурадкIэ сэ щIыIэнэщI зэщIэкIам сыпхрыкIыну сыхуежьакIэ, кумб гъэрым сиуэри, зыри симыгъэуэу сыджжалащ. Сыкъэтэджыжыну сыпIащIэртэкъыми, сэ къэслъэгъуащ вагъуэ лыдхэмкIэ зэщIэпщIыпщIэ уафэр. А жэщым ар зэи хуэмыдэжу дахэт. Абдежщ сэ щIэзыхьэсщIар сыкъэзыухъуреихь дунейм и хьэлэмэтагъыр. Дэнэ сэ сыздэпIащIэр? Сыт сыкъызыкIэрыхур? Апхуэдизуи сыт Мыхьмуд-Iэзэ сыщIыфIэIлыкIыр? Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм жиIар пэжмэ, ари щыIащ а шэтыр гъэжьым, ещIэ абы щагъэпльагъуэр зищIысыр. Ауэ спектакль нэужьым ахэр зэхуэзэнкIэ хъуну зэрыщIтар сигу кьыщыкIкIэ, мафIэу сыкъызэщIэнэрт. Мыдрей лъэныкъуэмкIэ сыкъыщепльмэ, фIыуэ слъэгъуа бзылъхугъэм сызэригъусам сэ гушхуэныгъэрэ лIыгъэрэ кьыскилъхьати, кьысфIэщIырт иджы сызыпэмыльэщIи щымыIэу. Иджы псы кьыуийм игъащIэкIэ псы кьимыхъуэми сыгуэзвэжьркъым: кьэзлэжьар кьэсэщIэнэн унэм сыкIуэжьынщ, курсэр кьэзухьнщи, университетым сыщIэтIысхьэнщ, абы нэс кьиззэхъулIэмэ, тхакIуи сыхъуаэу слъагъунщ. ЖьпIэнэракъэ, гъащIэ тельыджэщ сэ кьыспэплъэр. Си кьэкIуэнур IупщIу убзыхуат, ар сэ хьэжьыу зыхэсщIэрт, шэчи кьытесхьэртэкъым. Пщ1эну щыткъым, Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм теухуа романи зэгъэр стхьфынкIи хъунщ...

Вагъуэжи блэлъэтащ. Нэм илъагъу дунейм рэ нэрымылъагъу хьэрышмрэ си щхьэм зэрыщIызэхэзэрыхьыр щIыфэкIэ зыхэсщIэурэ, сэ сыхуежьащ гъэ-махуэку мазэм и жэщ уафэ вагъуэбэр гупсэхуу зыпэсплъыхьын. Сэ кьысфIэщIырт уафэм вагъуэ хъэтIкIэ тха и тхыдэм сыкъеджэфмэ, си кьэкIуэнум и щэху псори абы кьызигъэщIэну. А жэщым сэ хьэжьыу я хьэзгурыIуащ тхакIуэ сымыхъуну Iэмал зэримыIэр. Абы щхьэкIэ куэд ухуейкъым: елпIыф, лъагъуфэ, зыгурыгъэIуэф икIи дахэу кьэIуэтэф. Сэ гукIи пэкIи сыхуэзарэзыт Си щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм. Абы ныкъуэр из ищIыжри, мыхьэнэ зэриIэри сигъэлъэгъуащ.

Уафэм аргуэру зы вагъуэ ижащ. Тхьэм ирещIи, си закъуэ кьыщIэкIынт кьыскIэ щхьэ ирещIи, си закъуэ кьыщIэкIынт Iэмал ирещIи, си щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм. Зы щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм теухуа романи зэгъэр стхьфынкIи хъунщ...

Вагъуэжи блэлъэтащ. Нэм илъагъу дунейм рэ нэрымылъагъу хьэрышмрэ си щхьэм зэрыщIызэхэзэрыхьыр щIыфэкIэ зыхэсщIэурэ, сэ сыхуежьащ гъэ-махуэку мазэм и жэщ уафэ вагъуэбэр гупсэхуу зыпэсплъыхьын. Сэ кьысфIэщIырт уафэм вагъуэ хъэтIкIэ тха и тхыдэм сыкъеджэфмэ, си кьэкIуэнум и щэху псори абы кьызигъэщIэну. А жэщым сэ хьэжьыу я хьэзгурыIуащ тхакIуэ сымыхъуну Iэмал зэримыIэр. Абы щхьэкIэ куэд ухуейкъым: елпIыф, лъагъуфэ, зыгурыгъэIуэф икIи дахэу кьэIуэтэф. Сэ гукIи пэкIи сыхуэзарэзыт Си щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм. Абы ныкъуэр из ищIыжри, мыхьэнэ зэриIэри сигъэлъэгъуащ.

Уафэм аргуэру зы вагъуэ ижащ. Тхьэм ирещIи, си закъуэ кьыщIэкIынт Iэмал ирещIи, си щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм. Зы щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм теухуа романи зэгъэр стхьфынкIи хъунщ...

Пщ1ыпэ сыкъыщIэплъри, слъагъуэ си фIэщ хуэакъым - Мыхьмуд-Iэзэ Онгёрен екIуэр. Си щхьэм лъыр дэуейри, губжьыимрэ фыгъуэмрэ си нэр кьышIагъэпхъуащ. Вагъуэхэм я нэхум фIэкIа здэщымыIэм сэ ерагъат ар кIыфIым зэрыхэслъагъукIыфыр. ИтIанэ ар зэуэ къэувыIащ, зыгуэрым егупсыс хуэдэу тIэкIурэ щытащ, къиго,ззэжщ, дей жыгым и щIагъым щетIысхэри, тутыныр пигъэнащ. Сэри удзыпщIэм сыхэгъуаэльхъэри ар тутын ефэу зэрыщысым сеплъу сыщылъащ, слъагъур абы и тутын кIапэм пыс дэп плъыжь щыкIуи и закъуэми.

20

ПЩ1ЭДДЖЬЖЬМ, хабзэ зэрысхуэхъуаэу, сэ нэхущым сыкъэушащ - пщыIэ бгъэным и дамэдаэзэм дыгъэм и нэбэий Iэпэ къыдигъэжар кьыщысхиукIэ дыдэм ирихьэлIэу. Сыхьэтищ имрыкIыу гуэр хъунт сызэрыкIеяр, ауэ фIыуэ зызгъэпсэхуам хуэдэу сыжант. Жэщ кIуам кьызэхъулIахэр кьэплъыкIэмэ, нэхъ къарууфIэ сыхъуаи кьысщыхъужырт.

- Уи жей ирикъуа? Уэзфар ппкърыкIыжа, уи акъылыр тэмэму лажьэрэ? - кьызэупщIащ Мыхьмуд-Iэзэ, шей ефэурэ.

- Зызгъэпсэхущ, си гъэсакIуэ, аслъэным хуэдэуи сылъэущ.

Дэ тIуми си псалъэ зэжеIакъым гувауэ сыкьызэзгъэкIуэжам. Уужьрей махуиплIым зэрыщIам хуэдэу, Мыхьмуд-Iэзэ псыкъуий мащэм нэхъапэ ехащ. Аддэ лъащIэм ерагъыу щыхэплъагъукI фIыцIагъэм пэ-гуным псынщIэу из кьыщIырт.

Псыкъуийм метр 25-рэ и куугъ хъуат, ауэ ихъуреягъкIэ кьызэри-гъэжькIам кьыхэкIыу, мащэр Iуэзти, зэрыщIытым нэхърэ нэхъ куу кьыфIэщIырт. Дыгъэм си нэхэр щигъэнэкIыфIыкIыри, ззэзмызэм псыкъуий-тIыр сымыльагъужу хъурт. Апхуэдэхэм деж сигужьейрт, мащэм сыщцхъэщIхьэрти, сыщцхъэпрыхуу сихуэнкIэ шынагъэу сиплъэрт. ЯтIэр зэрылъ пэгунри кьыдэпхьеину куэдкIэ нэхъ хьэлъэ хъуат икIи кьыхьэхкIыр кьытхуэмыщIэу, ар зэпымыуэ иридзэкIырт, псыкъуий блынхэм ируидзэкIыу. Пхъэрыгъажэр зыгъэкIэрахъуэр си закъуэти, пэгуным «кьэфэн» щыщIидзэкIэ, сыхуэсакъынуми сльагъуртэкъым. Апхуэдэжьми сыщыкъуртэ-къым. Апхуэдэжьми деж Мыхьмуд-Iэзэ, хьэлъэр и щхьэм кьыфIэхуэнкIэ гуэзвэрти, зэрифIэщIкIэ кьаджэрт.

Псыкъуийр нэхъ куу хъуху, псыкъуий-тIыр нэхъыбэрэ икIи нэхъ хуабжу кьэкIиин хуэдэ хъурт. Ар сытым щхьэкIи гъумэтIымэрт: пэгуныр щезгъэжьжькIэ хуэмыIуэу кьыщыхьурт, ятIэр искIутыну щыIуСкIкIэ, куэдыIуэрэ сыкъэту жиIэрт, апхуэдэу ар зэгуи-гъэпрт пщахъэущI гъущэм машэ лъащIэм кьыщиIэт сабэм. Сыт сщIэми, сыкъуаншэу, си ягъэр сэрауэ кьыщIидзыжьыри, сэри си щхьэм мыгуагъэ хуэсхьыжьыр. ПсыкъуийтIым и кIий макъыр бетон блынхэм «жьэхуэуэрэ» кьыдэжIуейри, си дежь кьыщысым ирихьэлIэу гурым шынагъуэм ещхь хъурт.

Зэпыу имыIэу сызэгупсысыр Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэрт, абы и Iэпкъпэпкъ дахэр, гуфIэ кьызыщIих и нэ лыдхэр, зэдзэгуэша Iэфlагъэр си нэгум кьысфIыщIыхьэрт. Шэджагъуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлIэу абы и деж лъагъунлъагъу Онгёрен сежэжмэ, дауэ хъуну пIэрэ? Сэ Тхьэм фIыщIэ хуэсщIырт псыкъуий мащэм симыту щы щIыIумкIэ сызэрытетым папщIэ, хуабэвэхым си щIыфэр имыгъатхъэ пэтми. Пхъэрыгъажэр си закъуэ згъэкIэрэхъэнми сесэ хуэдэу хъуат, ззэмызэ сыщцIэмыльэщI къэхъуми. ЯтIэ зэрылъ пэгуныр къэрэкъэшым кьыщцфIэсхкIэ мащIэу Iэсыкъуий хуэдэу хъурти, мывэкIэщхъэ хьэмлашкIуэрэ зыхэлъ пшахъуэ гъущэм щцыщ Iэмал имыIэу ещцэщхьырт. Дакъыкъэ ныкъуэ хуэдиз зэрыдзэкIыу, Мыхьмуд-Iэзэ и кIий-гуэр макъыр си тхъэкIумэм къэсырт. Абы щIэх-щIэхьурэ жиIэрт мывэр цIыкIыми, льагъу кьхъуэкъэ, ар зытехуэм фэбжь хихьфынуи, иукIыпэнкIэ хъуни зэрыщытыр.

Пэгуныр щцызнэщIыну пIанэпэм нэс схьыуэ сыкъэкIуэжьыхь егъэлеяуэ сыпщIантIэрт, сыкъыщысыжкIэ зэпыу зимыIэхьхэ шхыдэр гурым макъыу мащэм кьиIукIырт. КьыпфIэщIынт щIыщIагъ жиныр губжьауэ псыкъуийр кьэзытIхэм яхуэхъущIэу. Псыкъуий мащэр апхуэдизкIэ куути, пэгуныр щезгъэжкIэ здынэсар кьыхуэзгъэльагъуртэкъым. ЛьащIэм нэса хъункъэ щцыжьысIам деж къэзгъэувыIэр, ар кьызэрысIэтыжьынну пхъэрыгъажэм и къур езгъэубыдыртри, Мыхьмуд-Iэзэ: «Iэт!» - жиIэу ящIэжьынщ сыпэплъэрт. Сыту цIыкIунитIэу икIи гуащIэмащIэу кьысфIэщIрэт ар псыкъуий мащэм и лъащIэм иту щыслъагъукIэ.

Сыкъэтитt хуауэ дылажьэрт. Зэуэ си щхьэр унэзащ. Сэ сыгуэват бэлэрыгъауэ псыкъуийм сихуэнкIэ. Пэгуныр искIутыну сыIукIауэ, удзыпщIам деж сыггъэлъащ, зы дакъикъэ зызгъэпсэхуу сыкъэтэджжыкIыну си гугъэу. АрщхьэкIэ сэ езым гу лъызмытэжу сыIуихащ.

Псыкъуиищхьэм кьыщцызгъэзэжам, Мыхьмуд-Iэзэ и гъумэтIымэ макъыр нэгъуэщI зыгуэр хуауэ зэхэсхащ. Сэ пэгуныр езгъэжахащ, ауэ хъущIэ мащэр зэпыуакъым.

- Сыт къэхъуар, си гъэсакIуэ? - секIиехащ сэ, псыкъуийтIым сызэхихьн хуэдэу хуабжу.

- Сыдэхьеижь!

- Сыт жыпIар?

- СыпIэт жызоIэ! Сызэхэпхыркъэ?

Пэгуныр хьэлъэт, кьиуваэ кьыдэкIуеижу арагъэнщ. Сэ си щхьэр иджыри мэунаэз, ауэ сызэрифIэщIкIэ пхъэрыгъажэр согъэкIэрахъуэ, псыкъуий къэтIынир щыдгъэтыну, сэри си улахуэр кьызиту щхьэхуит сищIыжыну Мыхьмуд-Iэзэ унафэ кьиущауэ сыгугъэурэ. Ахъшэ тIэкIур кьызэрысIэрихьэу, си псом япэ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм и деж сыкIуэнут, жесIэнут ар фIыуэ зэрыслъагъур, Тургай кьиргъанэу си сэ кьыздэкIуэну. Сыту пIэрэ си анэм жиIэнур? Ауэ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр щэн хэмылъу кьыскуэгуфIэнурэ, «Сэ уи анэ сригъыжьщ!» - кьызжиIэнущ. Шэджагъуашхэм ипэ кьихуэу тIэкIу зызгъэпсэхумэ мынэхъыфIу пIэрэ? Есэлеяуэ ущешам деж, дакъикъипщI уженир куэд дыдэ и уасэщ, абы жан уищIыжынущ сыхьэт зыбжанэкIэ ужея хуэдэу. Сэ ар зыщцIэпщIэ уафэр. А жэщым ар зи хуэмыдэжу дахэт. Абдежщ сэ щцызызэщIар сыкъэзыухъуреихь дунейм и хьэлэмэтагъыр. Дэнэ сэ сыздэпIащIэр? Сыт сыкъызыкIэрыхур? Апхуэдизуи сыт Мыхьмуд-Iэзэ сыщIыфIэIлыкIыр? Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм жиIар пэжмэ, ари щыIащ а шэтыр гъэжьым, ещIэ абы щагъэпльагъуэр зищIысыр. Ауэ спектакль нэужьым ахэр зэхуэзэнкIэ хъуну зэрыщIтар сигу кьыщыкIкIэ, мафIэу сыкъызэщIэнэрт. Мыдрей лъэныкъуэмкIэ сыкъыщеплъмэ, фIыуэ слъэгъуа бзылъхугъэм сызэригъусам сэ гушхуэныгъэрэ лIыгъэрэ кьыскилъхьати, кьысфIэщIырт иджы сызыпэмыльэщIи щымыIэу. Иджы псы кьыуийм игъащIэкIэ псы кьимыхъуэми сыгуэзвэжьркъым: кьэзлэжьар кьэсэщIэнэн унэм сыкIуэжьынщ, курсэр кьэзухьнщи, университетым сыщIэтIысхьэнщ, абы нэс кьиззэхъулIэмэ, тхакIуи сыхъуаэу слъагъунщ. ЖьпIэнэракъэ, гъащIэ тельыджэщ сэ кьыспэплъэр. Си кьэкIуэнур Iупщ1у убзыхуат, ар сэ хьэжьыу зыхэсщIэрт, шэчи кьытесхьэртэкъым. Пщ1эну щыткъым, Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм теухуа романи зэгъэр стхьфынкIи хъунщ...

Вагъуэжи блэлъэтащ. Нэм илъагъу дунейм рэ нэрымылъагъу хьэрышмрэ си щхьэм зэрыщIызэхэзэрыхьыр щIыфэкIэ зыхэсщIэурэ, сэ сыхуежьащ гъэ-махуэку мазэм и жэщ уафэ вагъуэбэр гупсэхуу зыпэсплъыхьын. Сэ кьысфIэщIырт уафэм вагъуэ хъэтIкIэ тха и тхыдэм сыкъеджэфмэ, си кьэкIуэнум и щэху псори абы кьызигъэщIэну. А жэщым сэ хьэжьыу я хьэзгурыIуащ тхакIуэ сымыхъуну Iэмал зэримыIэр. Абы щхьэкIэ куэд ухуейкъым: елпIыф, лъагъуфэ, зыгурыгъэIуэф икIи дахэу кьэIуэтэф. Сэ гукIи пэкIи сыхуэзарэзыт Си щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм. Абы ныкъуэр из ищIыжри, мыхьэнэ зэриIэри сигъэлъэгъуащ.

Уафэм аргуэру зы вагъуэ ижащ. Тхьэм ирещIи, си закъуэ кьыщIэкIынт Iэмал ирещIи, си щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм. Зы щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм теухуа романи зэгъэр стхьфынкIи хъунщ...

Пщ1ыпэ сыкъыщIэплъри, слъагъуэ си фIэщ хуэакъым - Мыхьмуд-Iэзэ Онгёрен екIуэр. Си щхьэм лъыр дэуейри, губжьыимрэ фыгъуэмрэ си нэр кьышIагъэпхъуащ. Вагъуэхэм я нэхум фIэкIа здэщымыIэм сэ ерагъат ар кIыфIым зэрыхэслъагъукIыфыр. ИтIанэ ар зэуэ къэувыIащ, зыгуэрым егупсыс хуэдэу тIэкIурэ щытащ, къиго,ззэжщ, дей жыгым и щIагъым щетIысхэри, тутыныр пигъэнащ. Сэри удзыпщIэм сыхэгъуаэльхъэри ар тутын ефэу зэрыщысым сеплъу сыщцIыпащ, слъагъур абы и тутын кIапэм пыс дэп плъыжь щыкIуи и закъуэми.

20

ПЩ1ЭДДЖЬЖЬМ, хабзэ зэрысхуэхъуаэу, сэ нэхущым сыкъэушащ - пщыIэ бгъэным и дамэдаэзэм дыгъэм и нэбэий Iэпэ къыдигъэжар кьыщысхиукIэ дыдэм ирихьэлIэу. Сыхьэтищ имрыкIыу гуэр хъунт сызэрыкIеяр, ауэ фIыуэ зызгъэпсэхуам хуэдэу сыжант. Жэщ кIуам кьызэхъулIахэр кьэплъыкIэмэ, нэхъ къарууфIэ сыхъуаи кьысщыхъужырт.

- Уи жей ирикъуа? Уэзфар ппкърыкIыжа, уи акъылыр тэмэму лажьэрэ? - кьызэупщIащ Мыхьмуд-Iэзэ, шей ефэурэ.

- Зызгъэпсэхущ, си гъэсакIуэ, аслъэным хуэдэуи сылъэущ.

Дэ тIуми си псалъэ зэжеIакъым гувауэ сыкьызэзгъэкIуэжам. Уужьрей махуиплIым зэрыщIам хуэдэу, Мыхьмуд-Iэзэ псыкъуий мащэм нэхъапэ ехащ. Аддэ лъащIэм ерагъыу щыхэплъагъукI фIыцIагъэм пэ-гуным псынщIэу из кьыщIырт.

Псыкъуийм метр 25-рэ и куугъ хъуат, ауэ ихъуреягъкIэ кьызэри-гъэжькIам кьыхэкIыу, мащэр Iуэзти, зэрыщIытым нэхърэ нэхъ куу кьыфIэщIырт. Дыгъэм си нэхэр щигъэнэкIыфIыкIыри, ззэзмызэм псыкъуий-тIыр сымыльагъужу хъурт. Апхуэдэхэм деж сыгужьейрт, мащэм сыщцхъэщIхьэрти, сыщцхъэпрыхуу сихуэнкIэ шынагъэу сиплъэрт. ЯтIэр зэрылъ пэгунри кьыдэпхьеину куэдкIэ нэхъ хьэлъэ хъуат икIи кьыхьэхкIыр кьытхуэмыщIэу, ар зэпымыуэ иридзэкIырт, псыкъуий блынхэм ируидзэкIыу. Пхъэрыгъажэр зыгъэкIэрахъуэр си закъуэти, пэгуным «кьэфэн» щыщIидзэкIэ, сыхуэсакъынуми сльагъуртэкъым. Апхуэдэжьми сыкъуртэ-къым. Апхуэдэжьми деж Мыхьмуд-Iэзэ, хьэлъэр и щхьэм кьыфIэхуэнкIэ гуэзвэрти, зэрифIэщIкIэ кьаджэрт.

Псыкъуийр нэхъ куу хъуху, псыкъуий-тIыр нэхъыбэрэ икIи нэхъ хуабжу кьэкIиин хуэдэ хъурт. Ар сытым щхьэкIи гъумэтIымэрт: пэгуныр щезгъэжьжькIэ хуэмыIуэу кьыщыхьурт, ятIэр искIутыну щцIуСкIкIэ, куэдыIуэрэ сыкъэту жиIэрт, апхуэдэу ар зэгуигъэпрт пщахъэущI гъущэм машэ лъащIэм кьыщиIэт сабэм. Сыт сщIэми, сыкъуаншэу, си ягъэр сэрауэ кьыщIидзыжьыри, сэри си щхьэм мыгуагъэ хуэсхьыжьыр. ПсыкъуийтIым и кIий макъыр бетон блынхэм «жьэхуэуэрэ» кьыдэжIуейри, си дежь кьыщысым ирихьэлIэу гурым шынагъуэм ещхь хъурт.

Зэпыу имыIэу сызэгупсысыр Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэрт, абы и Iэпкъпэпкъ дахэр, гуфIэ кьызыщIих и нэ лыдхэр, зэдзэгуэша Iэфlагъэр си нэгум кьысфIыщIыхьэрт. Шэджагъуэ зыгъэпсэхугъуэм ирихьэлIэу абы и деж лъагъунлъагъу Онгёрен сежэжмэ, дауэ хъуну пIэрэ? Сэ Тхьэм фIыщIэ хуэсщIырт псыкъуий мащэм симыту щы щIыIумкIэ сызэрытетым папщIэ, хуабэвэхым си щIыфэр имыгъатхъэ пэтми. Пхъэрыгъажэр си закъуэ згъэкIэрэхъэнми сесэ хуэдэу хъуат, ззэмызэ сыщцIэмыльэщI къэхъуми. ЯтIэ зэрылъ пэгуныр къэрэкъэшым кьыщцфIэсхкIэ мащIэу Iэсыкъуий хуэдэу хъурти, мывэкIэщхъэ хьэмлашкIуэрэ зыхэлъ пшахъуэ гъущэм щцыщ Iэмал имыIэу ещцэщхьырт. Дакъикъэ ныкъуэ хуэдиз зэрыдзэкIыу, Мыхьмуд-Iэзэ и кIий-гуэр макъыр си тхъэкIумэм къэсырт. Абы щIэх-щIэхьурэ жиIэрт мывэр цIыкIыми, льагъу кьхъуэкъэ, ар зытехуэм фэбжь хихьфынуи, иукIыпэнкIэ хъуни зэрыщытыр.

Пэгуныр щцызнэщIыну пIанэпэм нэс схьыуэ сыкъэкIуэжьыхь егъэлеяуэ сыпщIантIэрт, сыкъыщысыжкIэ зэпыу зимыIэхьхэ шхыдэр гурым макъыу мащэм кьиIукIырт. КьыпфIэщIынт щIыщIагъ жиныр губжьауэ псыкъуийр кьэзытIхэм яхуэхъущIэу. Псыкъуий мащэр апхуэдизкIэ куути, пэгуныр щезгъэжкIэ здынэсар кьыхуэзгъэльагъуртэкъым. ЛьащIэм нэса хъункъэ щцыжьысIам деж къэзгъэувыIэр, ар кьызэрысIэтыжьынну пхъэрыгъажэм и къур езгъэубыдыртри, Мыхьмуд-Iэзэ: «Iэт!» - жиIэу ящIэжьынщ сыпэплъэрт. Сыту цIыкIунитIэу икIи гуащIэмащIэу кьысфIэщIрэт ар псыкъуий мащэм и лъащIэм иту щыслъагъукIэ.

Сыкъэтитt хуауэ дылажьэрт. Зэуэ си щхьэр унэзащ. Сэ сыгуэват бэлэрыгъауэ псыкъуийм сихуэнкIэ. Пэгуныр искIутыну сыIукIауэ, удзыпщIам деж сыггъэлъащ, зы дакъикъэ зызгъэпсэхуу сыкъэтэджжыкIыну си гугъэу. АрщхьэкIэ сэ езым гу лъызмытэжу сыIуихащ.

Псыкъуиищхьэм кьыщцызгъэзэжам, Мыхьмуд-Iэзэ и гъумэтIымэ макъыр нэгъуэщI зыгуэр хуауэ зэхэсхащ. Сэ пэгуныр езгъэжахащ, ауэ хъущIэ мащэр зэпыуакъым.

- Сыт къэхъуар, си гъэсакIуэ? - секIиехащ сэ, псыкъуийтIым сызэхихьн хуэдэу хуабжу.

- Сыдэхьеижь!

- Сыт жыпIар?

- СыпIэт жызоIэ! Сызэхэпхыркъэ?

Пэгуныр хьэлъэт, кьиуваэ кьыдэкIуеижу арагъэнщ. Сэ си щхьэр иджыри мэунаэз, ауэ сызэрифIэщIкIэ пхъэрыгъажэр согъэкIэрахъуэ, псыкъуий къэтIынир щыдгъэтыну, сэри си улахуэр кьызиту щхьэхуит сищIыжыну Мыхьмуд-Iэзэ унафэ кьиущауэ сыгугъэурэ. Ахъшэ тIэкIур кьызэрысIэрихьэу, си псом япэ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм и деж сыкIуэнут, жесIэнут ар фIыуэ зэрыслъагъур, Тургай кьиргъанэу си сэ кьыздэкIуэну. Сыту пIэрэ си анэм жиIэнур? Ауэ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэр щэн хэмылъу кьыскуэгуфIэнурэ, «Сэ уи анэ сригъыжьщ!» - кьызжиIэнущ. Шэджагъуашхэм ипэ кьихуэу тIэкIу зызгъэпсэхумэ мынэхъыфIу пIэрэ? Есэлеяуэ ущешам деж, дакъикъипщI уженир куэд дыдэ и уасэщ, абы жан уищIыжынущ сыхьэт зыбжанэкIэ ужея хуэдэу. Сэ ар зыщцIэпщIэ уафэр. А жэщым ар зи хуэмыдэжу дахэт. Абдежщ сэ щцызызэщIар сыкъэзыухъуреихь дунейм и хьэлэмэтагъыр. Дэнэ сэ сыздэпIащIэр? Сыт сыкъызыкIэрыхур? Апхуэдизуи сыт Мыхьмуд-Iэзэ сыщIыфIэIлыкIыр? Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэм жиIар пэжмэ, ари щыIащ а шэтыр гъэжьым, ещIэ абы щагъэпльагъуэр зищIысыр. Ауэ спектакль нэужьым ахэр зэхуэзэнкIэ хъуну зэрыщIтар сигу кьыщыкIкIэ, мафIэу сыкъызэщIэнэрт. Мыдрей лъэныкъуэмкIэ сыкъыщеплъмэ, фIыуэ слъэгъуа бзылъхугъэм сызэригъусам сэ гушхуэныгъэрэ лIыгъэрэ кьыскилъхьати, кьысфIэщIырт иджы сызыпэмыльэщIи щымыIэу. Иджы псы кьыуийм игъащIэкIэ псы кьимыхъуэми сыгуэзвэжьркъым: кьэзлэжьар кьэсэщIэнэн унэм сыкIуэжьынщ, курсэр кьэзухьнщи, университетым сыщIэтIысхьэнщ, абы нэс кьиззэхъулIэмэ, тхакIуи сыхъуаэу слъагъунщ. ЖьпIэнэракъэ, гъащIэ тельыджэщ сэ кьыспэплъэр. Си кьэкIуэнур Iупщ1у убзыхуат, ар сэ хьэжьыу зыхэсщIэрт, шэчи кьытесхьэртэкъым. Пщ1эну щыткъым, З

Памук Орхьэн, Нобель саугъэтым и лауреат

Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэ

(Пэщіэдзэр 3-нэ нап.)

Къысхуэзащіэр си гъэзугу сэ губгъуэхэм сызэпхрыжыт, Онгёрен сыхэкіуэу. Дыгъэм писыкіа удзыпэхэм сащхьэпрыльэтурэ сыщцыжэкіэ, сызднэсам дех хэс цІырцІырхэм заущэхурт. Кхъэм сыщцыблэкІым, зыгуэр кІыззеджэу сызэплъэкІами ярейуэ, сэ зызгъаэзри къэсльэгъуащ Истамбыл кІыщхьэщцыхьэ пшэ щхъуэ-фІыцІафэхэр.

Мыхьмуд-Іэзэ уІэгъэ хъуамэ, абы лъы фІэкІуэдыныщ, еужьэрэкІын хуейщ. Аущ сэ сщІэрэтэкъым абы щхьэкІэ хэт зыхуэгъэзэнымри. Кьалэм сызэрыдэлъадэу сэ сунэтІащ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэмрэ Турграйрэ щыпсэу унэмкІэ. Ялэ къатым хэлъ бжэр фыз къуэгъу цІыкІу гуэрым къыІуихащ. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунымкІэ ар маоист лІыжьым и щхьэгъусэрат.

- Ахэр ежьэжащ, - жиІащ абы, сызыщІэупщІэр тэмэму къызжьэдэкІыну сыхунэмыс щІыкІэ, иКІи сэркІэ гукъинэж жэщыр щызгъэкІуа пэшым и бжэр иридзылІэжащ.

Баузэкіэщі сыхъуаущ сэ къызэхэзжьыхьащ мафІэгу станцым и утыр. «Румелия» къэхъуэсфаелІэм зыри щІэстэкъым, ауэ пощт Іэхъущіапіэм деж сэтэгъ гупышхэу щызэхэтт, телефонкІэ псэльэну я гугъэу.

- «УзыгъэІущ хъыбархэм я театрым» и шэтырыр здэщытам деж нэщІт, билет пытхъахуэрэ щІыкІэм хэуКІаеу къэна бжэгъу щыкІухэмрэ фІэкІа зыри щымыльаргъуну.

Сщіэм семыгугъису сэ Онгёрен сыкъыдэжьыкри жэрыжэкІэ згъэзэжащ Тхъэр зэуа псыкъуиІ угъурсызым деж. Уэлбанэм зыкъызэщІишэну пшэ гуэрэнэкэр хуэм-хуэмурэ къызэхуикусырт. Кхъэм кьеГъэкІэжІа щыкІуртІым дэгуэхэр пщыхьэщхьэ акъужь щІыІэтэІэм дэхъейуэ щытамэ, иджы дунейр уэмщ бзуапІэ сымигъуэту. Мывэ сынхэм я зэхуакум щыхьаКІуэрт удзыпэ къыпачын фІэкІа Іэуэу зимыІэ мэл зыбжанэ.

Дыщылажьэ щІы Іыхьэм сыщынэсыжам, сэ сыпщэхьапІэ, жэрыжэкІэ сыкІуэжьифыртэкъым. Сэ фІыуэ къызгурыІуэрт дяпэ сыхьэт зытІуКІэ сщІэнум къэкІуэну си гъащІэ псэр зэрелъытар, ауэ сэ иджыри сыхуэхъэзыртэкъым абы теухуа унафэ зэсщтэну. Мыхьмуд-Іэзэ къэмэха къудейуэ арами, уІэгъэми, занщІэу и псэр хэкІами къызгурыІуэфыну сыщцІттэкъым, къызэрысщІэнури сщІэртэкъым. Псори зи яГъэр гъэмахуэжу хуабэвэхрауэ пІэрэ? Дыгъэр си сщІэщІыбым къыпсэрт, си щхьэкуцІыр къигъэкъуальэу.

Зыри сыхуейтэкъым иджыпсту Мыхьмуд-Іэзэ и джэ макъ е и щэІу зыхэсхыну фІэкІа. Ауэ псыкъуиІ мащэр бэн дэгум хуэдэт. Зыхэпхыр щІырцІырхэм я зэпэджэкъым и закъуэт. Пхъэрыгъажэм шындырхэуо цІыкІуитІ къызэрыджеяем гу лъыстащ. ПсыкъуиІм сыщхьэщІыхьэну сыбдэкъуат, ауэ сэ сышынэри сыкъыкІуэтэжащ. Гъынэгъуу сыбгъэдыхьэу сэпІльэкъыну къару сиІэтэкъым. Сэ къысфІощІырт мащэм сипІэмэ, нэф сыхъуну.

О, ди Тхъэ! Гущіэгъу къысхуэщІ! Сытыт сэ сщІэну къысхуэнэжьр?

ПщыІэмкІэ къэзгъэзэжри, Мыхьмуд-Іэзэ и шейнычыр, щэрэ минрэ къызэджа газетхэр, и хьэфэ вакъэ лъэмбыІуитІыр, кьалэм щыкІуэкІэ зыщІилъхьэ и фэ бгыріпхыр, скотчкІэ зэкІэрылъэпщІэжауэ, и сыхьэтхьэуэр щысльэгъум, сэ аргуэру сыгъащ...

Си Іэхэм езыр-езыру си хьэпшыпхэр зэщІакъуэжьи щІадзащ. Дакъикьищ нэхъыбэ текІуэдакъым къызэдсша тІэкІыр фэ пхъынтэжь цІыкІум дзкудэжьыным, зи щІымыгІэгъа топджэгу вакъитІри зэрыхэлъу. Мыбы сыкьанэмэ, Іэмал имыІэу сагъэтІысынущ, нэхъ мащІэ дыдзрамэ зэрымыщІэкІэ цІыку зэрысІэщІэукІам щхьэкІэ. ХэвщІэхэм къэхуэгъэкІыху ильэсхэр текІуэдэнущ, итІанэ си курсхэми, си университеті пщІыхьэпІэу фІэкІа сытрагъэплъэжьыкъым. Си гъащІэр зэрыщыту лъэныкъуабэ хъунущ, балигъ мыхъуахэр щаІыгъ хьэпсым сисыху, си анэр бамПэм илыкІынущ.

Сэ тхъэ сеПэІуат Мыхьмуд-Іэзэ псэууэ къыщІэкІынУ. ПсыкъуиІм аргуэру сыбгъэдыхьащ, си гъэсакІуэм и макъ зэхэсхынкІэ сыгуГъэ. Ауэ псыкъуиІр щымт.

Истамбыл кьикІ мафІэгур къыщыптехьэнум куэд къэшынэжауэ, сэ пщыІэм сыкъыщІэкІащ си адэм и пхъунатэ фІыцІэр ІитІкІэ скъуэу, иКІи сыкъызэмыплъэкІыу Онгёрен сежэхащ. Сщіэрт сыкъызэпплъэкІмэ, си нэпсхэр зэрысхуэмыубыдынур. Уэлбанэ жьэзыщэ пшэ фІыщІэжьхэр къеГъуэлъэхъыпати, дуней къутэжыр къабгъэГъам хуэдэу щынагъуэу уфат.

Вокзалым щІыхуэкІэ щІэзт, я нэхъыбэр тхъэмахуэ махуэм хуит къэхуа сэлэтхэмрэ бззэрым къэКІуа къуажэдэсхэмрэт. Чыматэхэр, тхылъымПІэ пхъуантэшхуэхэр, къэпхэр бхъэзэгъуэвэКІа мэкъумэшыщІэхэмрэ сэлэтхэмрэ екъэрт зыкъэзэгъэгъуэ мафІэгум. Сэ зехуэуад мафІэгум сызэрихьэу, сэмэгурабгъумкІэ иІэ щхьэгъубжэм сыбгъэдэтІысхьэну, Мыхьмуд-Іэзэрэ сэрэ псыкъуиІ къышцыттІа лъэныкъэмкІэ сыплъэфын щхьэкІэ. Абы мазэ хуауэ сегупсысыртэ: псы къызэрыдГъуэтам папщІэ Хъайри-бей къыдита улахуэмрэ тыгъэхэмрэ сыгъэу, Истамбыл кІуэж мафІэгум зы мазэ дыгъэпс сызэритІысхьэнум иКІи Іэмал имыІэу сэмэгурабгъу лъэныкъэм иІэ щхьэгъубжэм сызэрыбгъэдэсынум. Ауэ иджыпсту сэ - зэрымыщІэкІэ бэлыхьлажьэр зыІэщІэщІар щІэпхъуэжащ.

МафІэгур къэсхуэу сэ гупсэхуу сипІьащ вокзалым къыщІыхьэу хъуам я щымы. МафІэгу дыдзр арагъэнщ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэмрэ ар зи гъэсэ артист гупымрэ Истамбыл зэрыкІуэжар. ИкІэм-иКІэжам мафІэгур къэсри, сэ сыпІаІэу абы ситІысхьащ, иужь дыдэу Онгёрен и ут фэнщэм зэ сыкъыхуеплъэкІыжри.

ЕТІУАНЭ ІЫХЬЭ

22

ЩХЬЭГЪУБЖЭМ сыкъыдэплъу сльаГъу псори - гъэзугубгъэм Іут къэзри, щыкІуртІым дзгуэри, псыкъуиІ къащІттІа щІы Іыхьэри - иГащІэкІэ сщымыгъупщэну сурэту си нэгум Іыщіэнащ, нэхъ жьыжьэу сыкъыІуКІуэтыху ар кІырІым хэКІуадэ пэтми. Аддэ жьыжьэу уафэ джабэм уафэхъуэпскІ ирижащ. Уафэгъуагъуэ макъыр къэмыс щІыкІэ, кІыфІым псори иГэпщІкІури, сэ щхьэхуитыныгъэм и Іубгъуэ мащІэ зыхэсщІащ.

Истамбыл кІуэж мафІэгу псынщІэр темыпІыІэу блэщІэфтырт зэраухэрэ ильэс Іэджэ щІа заводхэм, хъуамПІэшхэуэм, щІыпІэ нэщІхэм, мэжджыгтхэм, къэхъуэсфапІэхэм, лъэщапІэхэм. Сиркеджи станцым деж сэ мафІэгум сыщцкІри, Хьарем кІуэ брамым ситІысхьащ. Ар ІымыкІыфрэ и чэзум фІигъэкІат: цІыхухэм дунейм тетыр яКІэрыщІати зэпрыкІыпІэр яхуэзэрыгъэзэрыртэкъым. Абыхэм сащцыхэплъэкІэ, бгъэунщІагъэм щІэсу къэхъуа, иджы япэу цІыхум яхьихэ гуэру зыкъызыщхъуьжьыр. Сэ зызмыгъэхъейуэ сыщцІст, уэшх тКІуэпсхэм щІауфа щхьэгъубжэ абджьым сыпхъыгъэ Босфор и Іьэныкъуитым ІыкІи хуэмурэ блэсыкІ Истамбыл сеплъу. Кьалэшхуэм дэт ухуэныгъэхэм къэхъсльагъуКІыну сыхуейт Долмабахче уардэхэм и щІыбагъкІэ къыщыпІь Бешикташ хьэблэмрэ сыкІуэну сызэхъуапсэ курсхэр здэщыІэ щІыпІэм щІиІэ къат куэду зэтет псэупІэ унэмрэ.

Адэкіэ сызызынэу автобусым ситІысхьэн ипэ, шхапІэ гуэрым тхылъымпІэ Іэпэлъэщіхэм хуэдэ къыщыщэхури си напэр зэпыльсэщІыхьащ. Сызэрымышхэрэ сыхьэт зытхух хъуаГъэнт, ауэ си гущхьи кІыкІыртэкъым щІэпсэрт, си щхьэкуцІыр къигъэкъуальэу.

Зыри сыхуейтэкъым иджыпсту Мыхьмуд-Іэзэ и джэ макъ е и щэІу зыхэсхыну фІэкІа. Ауэ псыкъуиІ мащэр бэн дэгум хуэдэт. Зыхэпхыр щІырцІырхэм я зэпэджэкъым и закъуэт. ПхъэрыгъажэмкІэ щындырхэуо цІыкІуитІ къызэрыджеяем гу лъыстащ. ПсыкъуиІм сыщцхэщІыхьэну сыбгъэкъат, ауэ сэ сышынэри сыкъыкІуэтэжащ. Гъынэгъуу сыбгъэдыхьэу сэпІльэкъыну къару сиІэтэкъым. Сэ къысфІощІырт мащэм сипІэмэ, нэф сыхъуну.

О, ди Тхъэ! Гущіэгъу къысхуэщІ! Сытыт сэ сщІэну къысхуэнэжьр?

ПщыІэмкІэ къэзгъэзэжри, Мыхьмуд-Іэзэ и шейнычыр, щэрэ минрэ къызэджа газетхэр, и хьэфэ вакъэ лъэмбыІуитІыр, кьалэм щыкІуэкІэ зыщІилъхьэ и фэ бгыріпхыр, скотчкІэ зэкІэрылъэпщІэжауэ, и сыхьэтхьэуэр щысльэгъум, сэ аргуэру сыгъащ...

Си Іэхэм езыр-езыру си хьэпшыпхэр зэщІакъуэжьи щІадзащ. Дакъикьищ нэхъыбэ текІуэдакъым къызэдсша тІэкІыр фэ пхъынтэжь цІыкІум дзкудэжьыным, зи щІымыгІэгъа топджэгу вакъитІри зэрыхэлъу. Мыбы сыкьанэмэ, Іэмал имыІэу сагъэтІысынущ, нэхъ мащІэ дыдзрамэ зэрымыщІэкІэ цІыку зэрысІэщІэукІам щхьэкІэ. ХэвщІэхэм къэхуэгъэкІыху ильэсхэр текІуэдэнущ, итІанэ си курсхэми, си университеті пщІыхьэпІэу фІэкІа сытрагъэплъэжьыкъым. Си гъащІэр зэрыщыту лъэныкъуабэ хъунущ, балигъ мыхъуахэр щаІыгъ хьэпсым сисыху, си анэр бамПэм илыкІынущ.

Сэ тхъэ сеПэІуат Мыхьмуд-Іэзэ псэууэ къыщІэкІынУ. ПсыкъуиІм аргуэру сыбгъэдыхьащ, си гъэсакІуэм и макъ зэхэсхынкІэ сыгуГъэ. Ауэ псыкъуиІр щымт.

Истамбыл кІуэж мафІэгур къыщІэтхьэнум куэд къэшынэжауэ, сэ пщыІэм сыкъыщІэкІащ си адэм и пхъунатэ фІыцІэр ІитІкІэ скъуэу, иКІи сыкъызэмыплъэкІыу Онгёрен сежэхащ. Сщіэрт сыкъызэпплъэкІмэ, си нэпсхэр зэрысхуэмыубыдынур. Уэлбанэ жьэзыщэ пшэ фІыщІэжьхэр къеГъуэлъэхъыпати, дуней къутэжыр къабгъэГъам хуэдэу щынагъуэу уфат.

Вокзалым щІыхуэкІэ щІэзт, я нэхъыбэр тхъэмахуэ махуэм хуит къэхуа сэлэтхэмрэ бззэрым къэКІуа къуажэдэсхэмрэт. Чыматэхэр, тхылъымПІэ пхъуантэшхуэхэр, къэпхэр бхъэзэгъуэвэКІа мэкъумэшыщІэхэмрэ сэлэтхэмрэ екъэрт зыкъызэгъэгъуэ мафІэгум. Сэ зехуэуад мафІэгум сызэрихьэу, сэмэгурабгъумкІэ иІэ щхьэгъубжэм сыбгъэдэтІысхьэну, Мыхьмуд-Іэзэрэ сэрэ псыкъуиІ къыщыкІттІа лъэныкъэмкІэ сыплъэфын щхьэкІэ. Абы мазэ хуауэ сегупсысыртэ: псы къызэрыдГъуэтам папщІэ Хъайри-бей къыдита улахуэмрэ тыгъэхэмрэ сыгъэу, Истамбыл кІуэж мафІэгум зы мазэ дыгъэпс сызэритІысхьэнум иКІи Іэмал имыІэу сэмэгурабгъу лъэныкъэм иІэ щхьэгъубжэм сызэрыбгъэдэсынум. Ауэ иджыпсту сэ - зэрымыщІэкІэ бэлыхьлажьэр зыІэщІэщІар щІэпхъуэжащ.

МафІэгур къэсхуэу сэ гупсэхуу сипІьащ вокзалым къыщІыхьэу хъуам я щымы. МафІэгу дыдзр арагъэнщ Зи щхьэцыр дыщафэ Бзылъхугъэмрэ ар зи гъэсэ артист гупымрэ Истамбыл кІуэж мафІэгур. ИкІэм-иКІэжам мафІэгур къэсри, сэ сыпІаІэу абы ситІысхьащ, иужь дыдэу Онгёрен и утыр ефнэщэм зэ сыкъыхуеплъэкІыжри.

ЕТІУАНЭ ІЫХЬЭ

22

ЩХЬЭГЪУБЖЭМ сыкъыдэплъу сльаГъу псори - гъэзугубгъэм Іут къэзри, щыкІуртІым дзгуэри, псыкъуиІ къащІттІа щІы Іыхьэри - иГащІэкІэ сщымыгъупщэну сурэту си нэгум Іыщіэнащ, нэхъ жьыжьэу сыкъыІуКІуэтыху ар кІырІым хэКІуадэ пэтми. Аддэ жьыжьэу уафэ джабэм уафэхъуэпскІ ирижащ. Уафэгъуагъуэ макъыр къэмыс щІыкІэ, кІыфІым псори иГэпщІкІури, сэ щхьэхуитыныгъэм и Іубгъуэ мащІэ зыхэсщІащ.

Истамбыл кІуэж мафІэгу псынщІэр темыпІыІэу блэщІэфтырт зэраухэрэ ильэс Іэджэ щІа заводхэм, хъуамПІэшхэуэм, щІыпІэ нэщІхэм, мэжджыгтхэм, къэхъуэсфапІэхэм, лъэщапІэхэм. Сиркеджи станцым деж сэ мафІэгум сыщцкІри, Хьарем кІуэ брамым ситІысхьащ. Ар ІымыкІыфрэ и чэзум фІигъэкІат: цІыкІухэм дунейм тетыр яКІэрыщІати зэпрыкІыпІэр яхуэзэрыгъэзэрыртэкъым. Абыхэм сащцыхэплъэкІэ, бгъэунщІагъэм щІэсу къэхъуа, иджы япэу цІыкІум яхьихэ гуэру зыкъызыщхъуьжьыр. Сэ зызмыгъэхъейуэ сыщцІст, уэшх тКІуэпсхэм щІауфа щхьэгъубжэ абджьым сыпхъыгъэ Босфор и Іьэныкъуитым ІыкІи хуэмурэ блэсыкІ Истамбыл сеплъу. Кьалэшхуэм дэт ухуэныгъэхэм къэхъсльагъуКІыну сыхуейт Долмабахче уардэхэм и щІыбагъкІэ къыщыпІь Бешикташ хьэблэмрэ сыкІуэну сызэхъуапсэ курсхэр здэщыІэ щІыпІэм щІиІэ къат куэду зэтет псэупІэ унэмрэ.

Адэкіэ сызызынэу автобусым ситІысхьэн ипэ, шхапІэ гуэрым тхылъымП

● Гъуазджэ

КЪУРАШЭ Эдуард: Си гъэсэн цIыкIухэм си щхьэр лъагэу сагъэлъагъуж

Щапхъэ зытрах «Вагъуэ цIыкIу» сабий ансамблым ехъулIэныгъэцIэ иIэщ. Ар щытекIуаш Сочэ къалэ къафэмкIэ щекIуэкIа Урысейпсо зэпеуэ зэхэущIам.

Зэпеуэр зи нэIэ щIэту къыззэшIэпэща «Алые паруса» щэнхабзэ фондым къалэн нэхъыщхьэу зэхуигъэувыжыр творческэ гупхэм защIэгъэхъуэныкIи, цIыхубз къафэхэм зегъэужьныкIи.

Элиста, Тольятти, Цхинвал, Псков, Ставрополь, Краснодар къалэхэм, нэгуэщI щIыпIэ куэдми къикIа къэфакIуэ гуп тIощIым щIигъум ди къэралым и щэнхабзэ бейр нэIурит щащIащ абы. КъэпщытакIуэ гупым хэтащ УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэхэр, дунейпсо зэпеуэхэм щытекIуа, гъэзэджэхэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щезыгъаджэ цIыху цIэрыIуэ куэд.

Творческэ зэпеуэ гъэщIэгъуэным «Вагъуэ цIыкIум» зэрызыхуигъэхьэзырам, утыку зэриталмэ я мурадхэмрэ зыщыдгъэгъуэзэну дэ зыхуэдгъэзащ къэфакIуэ гупым и художественнэ унафэщI Къурашэ Эдуард. Къыхэгъэщипхъэщ абы зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ тхыльэ щхьэхуэ къызэрыхуагъэфэщар.

- КЪАФИЩ щыдгъэзэщIащ а зэпеуэм. Щхьэж зыхыхьэ щIыналъэм и «дыщэ фондым» щыщ къафэ Iэмал имыIэу игъэлъэгъуэн хуейти, «Уэркъ» къафэр, «Ислъэмейр», «Авар хъыджэбз къафэр» утыку къитхьащ. ИужькIэ къэпщытакIуэ гупым хэтхэми пэшым щIэсхэми псалъэ гуапэ куэд къыджаIащ.

Ансамблым и къафакIуэ пашэ Абазэ Марат «Къэфэным къыщигъэльагъуэ Iэзагъ тIыгъэм папщIэ» щIыхь тхылькIэ и цIэ къраIуащ.

Апхуэдэуи ансамблыр Грантохореографическэ урысейпсо зэпеуэ зэхуэщIам хагъэтыну ирагъэблагъащ. Абы щытекIуэм сом мелуан иратынущ.

Илъэс 11 - 13-м я ныбжьыр иту цIыху 37-рэ сшат. Уеблэмэ япэу утыку ихьахэри яхэтащ абыхэм. Сабийр зэрыбгъэгушхуэм елъытащ и зэфIэкI къызэрызэкъуихынур. «Алые паруса» зэпеуэр хуабжьу егупсысауэ, къызыхуэтыншIэу къызэрагъэпэщым къищынэмыщIауэ, абы нэфI-ней щызэрахьэркъым. Дэтхэнэми и зэфIэкIым елъытащ къратыну увыпIэр - апхуэдэ Iэхъу зехьэкIэр хуабжьу сфIэфIщ. А щхьэусыгъуэращ абы сабийхэр илъэс къэс щIэсщэр. Езы цIыкIуэми яфIэфIу, яфIэгъэщIэгъуэну хэтщ, я нэгуи зыдогъэужь.

- Урысейпсо зэпеуэм цIыху дапщэ пшэну ухуит, абы щыв-гъэлъэгъуэну къафэхэм фе-гупсыса?

- Зэпеуэм теухуа тхыгъэ къытхуагъэхьын хуейщи, къытIэрыхьэмэ, зыхуэгъэхьэзырым щIэддзэнущ. Ауэ си мурадщ ныбжькIэ нэхъ щIалэхэри хэзгъэхьэу «Кабардинка» ансамблым игъэзащIэу щыта «Мэлыхъуэхэр» къафэр дгъэувыну. Апхуэдэуи «Удж пыху», «Удж хэш» къафэхэри щыдгъэлъэгъуэну сыхуейт.

- Псори зэхэту сабий дапщэ бгъасэрэ?

- «Вагъуэ цIыкIу» ансамблыр цIыху 40-м нос. Курыт гуп диIэщи, ари апхуэдизу мэхъу. Зыщыдгъасэ пэшым арауэ щIэхуэр.

- Фежьэн папщIэ, шэч хэмылъу, ахъшэ гуэри фыхуейщ, ар гъуэгупщIэ, сабийхэм я щхьн уасэ ирехъу? АбдыхэмкIэ хэт щIэгъэкъуэн къыфхуэхъурэ?

- Зэпеуэм хэтын папщIэ сабий къэс сом гуэр щIатын хуейщ. Ар адэ-анэм ят. Япэ дыдэу Сочэ дыщыкIуам гъуэгупщIэр Шэджэм щIыналъэм и администрацэм тхуитауэ щытащ. Иужьрейуэ дыздэщыIа зэпеуэм и уасэр езытар адэ-анэхэращ. ТекIуэнигъэм къыпэкIуэ ахъшэр фащэщIэ едгъэдыным, сабийхэр гъуэгум щыдгъэшхэным, гъэгупщIэм тыдогъэкIуадэ. Ди гупым зыхуэзфIэмыкI хэтмэ, адэ-анэхэр зэхьихьэурэ ар щхьэщах, е гупым грант диIэмэ, абы къыщыхэдгъэкI щыIэщ. Зэрыхъум хуэдэу, зызыщIэдгъэкъуэжурэ долажьэ.

Шэджэм щыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ ТекIушэ Артур, а Iэхъущ1апIэм щэнхабзэмкIэ и кIудамэм и унафэщI Взрокъуэ Ларисэ, Нартан къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ КIагуэ Валерэ сымэ зыкъыхэзрыщIагъэкъуэм папщIэ фIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейщ. Псом хуэмыдэу дзIэпыкъуэгъуэшхуэ къыскухоуэ цIыкIуэм я адэ-анэхэр. Сабийхэр зыдихьэх Iэхур кафIэIуэхуу, езыхэм я лэжьыгъэр къагъанэурэ я бынхэр къафэм кърашалIэ, дежьэн хуей хъумэ, тщIыгъуш. Адэ-анэращ мыр зи ансамблыр жысIэмэ, сыщыуэнукъым, ахэр къыддэмыIэпыкъуатэмэ, ди екъулIэныгъэхэм я ныкъуэри тхузыIэрыгъэхьэнтэкъым. Сыт хуэдэ Iэуху къыхэслъхьэми, къыздагъэпсынщIэ, къыздаIыгъщ.

- Сыт хуэдэ гугъуехьхэм фыIущIэрэ?

- Ди къуажэ щэнхабзэмкIэ унэ дэткъым, атIэ администрацэм пэш тхухихауэ абы дыщлажьэ. ИльэситI ипкIэ а пэшыр сабийхэм я адэ-анэхэм зэрахьащ. Санкт-Петербург щызэхэта зэпеуэм дыхэтри, сом мин 50 къэтхьати, абыкIэ пхъэбгъу лъэгу итлъхьащ, щхьэгъубжэщIэхэр хэтлъхьащ. Сабийхэм я фащэр щытхъумэ хъун щIыпIэ диIэкъым, щхьэж ейр я унэ езгъэхьын хуей мэхъу.

- Фи текIуэныгъэхэм ныбжьыщIэхэм къаруу кьаэзрыхихьлъхьам, шэч хэлъкъым. Уэ езым сыт хуэдэ гурыщIэ къуитрэ сабийхэм я екъулIэныгъэхэм?

- Фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, сэ сабиитI сиIэщи, абыхэм яфI зыхэсхьныр насыпыишхуэщ. Ансамблым хэтхэм я екъулIэныгъэхэри апхуэдэ дыдэу лъапIэщ си дежкIэ. Сабийхэр къэбгъапIэ хъункъым. Абыхэм ди балигъым хуэдэу сопсалъэ, пщIэ яхуэощ. Кьызгуроуэ, сабийхэм яхэплъхьащ бгъэтыжынур. А цIыкIуэхэм я зэфIэкIым си щхьэр лъагэу сегъэльагъуж.

- Тынш сабийхэм уадэлэжьэну?

- Гугъущ. Кьуажэм щапIа сабийхэмрэ кьалэдэсхэмрэ зэщхьэщыкIыныгъэ ин яIэщ. Къуажэм къыщыхуэам хэлъ хабзэри нэмысри куэдкIэ нэхъыбэщ. Си насыпыкIи кIауэ къызэолъытэ къуэкIыжащ. Ауэ адэ-анэхэми гугъу ущрагъэхь кьохъу. Абыхэми яхэтщ и сабийр гупым кьахигъэщыну хущIэкъуэхэр. Си дежкIэ псори зэхуэдэщ икIи япэ изгъэщыр лажьэращ. Адэ-анэхэр я бынхэм щхьэкIэ зэпсалъэ яхуэздэрхьым, сабийхэм яку гужьгъэжь кьыдэхъуэми, абы балигъхэр щIыхэIебэн щыIэкъым. ЦIыкIуэм я зэщыхьэр сыкьэтитIщ; нобэ зэззэуамэ, пщащей я Iэпэ зэрыIыгъуу кьыдэувэжыщ.

- Фи мурадхэм я гугъу кьытхуэпщIамэ арат.

- Ансамблыр кьызэрызэдгъэпэщрэ мы гъэм илъэситху ирокъури, накъыгъэм и 17-м абы хуэгъэпса концерт Музыкэ театрым щедгъэкIуэкIыну ди мурадщ. Дызэрагъэблэгъа урысейпсо зэпеуэм зыхуэдгъэхьэзырынущ. КъищынэмыщIауэ, республикэм щекIуэкIыну махуэшхуэ зэхьэхьэхэм дыхэтынущ. Ди лэжьыгъэм пытщэнущ, къафэщIэхэр дгъэувынущ. Ди щIыналъэм щызэрахьэ хабзэ дахэхэр, щэнхабзэ бейр дыхуейщ щIыпIэ куэдым щыдгъэльэгъуэну.

Епсэлъар **ЩОМАХУЭ Залинщ.**

ДызэгурымыIуэныр ди пщIыхьэпIи къыхэхуэ хъунукъым

● Лъэпкъ Iуэху

Илъэси 150-м щIигъуауэ адыгэхэр мелуан бжыгъэкIэ Тыркум щопсэу. «Зыхъумэжыфа, дызыхэс лъэпкъым дыхэмыышпсыхьыжу? Урысеймрэ Тыркумрэ я зэхущытыкIэр сыткIэ къыджьэхуэрэ адыгэхэм?», - аращ нобэ нэхъ дызыгъэпIейтейр.

Адыгэм нобэ и дунейм, Тыркум щыIэ Адыгэ Хасэхэм я зэгухьэныгъэ «КАФФЕД»-мрэ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ я зэхущытыкIэм теухуауэ допсалъэ юрист цIэрыIуэ, тхакIуэ, усакIуэ, лъэпкъ узэщIакIуэ Тумэ Рэхьми.

- Рэхьми, хэхэс адыгэхэм я гупэр хэкумкIэ гъэзауэ псэун папщIэ куэд зылэжьа нэхъыжьыфIхэм ущыщщ. Дауэ уеплъ-рэ, Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэр зыхэсхэм яхэмышпсыхьын папщIэ, адыгэ зэгухьэныгъэхэм сыт ялэжьыпхъэ?

- Псом япэрауэ, Тыркум щыпсэу адыгэхэм ящIэн хуейщ я тхыдэр: дэнэ щIыпIэ кьыкIами, кьыщIикIам и щхьэусыгъуэри. Хэкум кьинахэмрэ дэрэ ди гупсысэкIэкIи, дуней тетыкIэкIи дызэтехуэу зэрыщытар, зы лъэпкъыу дыкъызэрыпэжар тщыгъупщэ хъунукъым. «Сэ сыадыгэщ, Кавказращ си хэкур» жызыIэм и адыгагъэр щIыIэщIэмыхуар аращ - ди бзэр, ди хабзэр, ди гъыбзэр дгъэкIуэдатэкъыми.

- Апхуэдиз зэман лъандэрэ Хэкужьым пэIэщIэу псэуа ди лъэпкъэгъуэхэм яхэтащ абы хуэгъуащIыIэ, ягъэззжми хуитныкIыгъэ ямыгъэгушIыну къызыщыкIуу. Иужьрей лъэхъэнэм Урысеймрэ Тыркумрэ зэныбжьэгъу зэрыхъуам къыхэкIкIэ, хэхэсымрэ хэкурысымрэ нэхъ зэрыщIэ, зэкIэлъэкIуэ ящIащи, хэхэсхэр дяпэкIэ хэкумкIэ нэхъ еIэну къыпщыхъурэ?

- 1965 гъэ лъандэрэ хэкум зыгъэзэжхэм я Iуэхур къызэрекIуэкIам, абы хэхэсхэр зэрыхущытар си нэгу щIэкIауэ фIыуэ сыщыгъэзащ. Хасэм политикэшхуэ хэлъ: «Кавказ» щIэр къэфщтэнукъым, хэку къыбархэм фытепсэлъыхьыныкъым. Политикэ Iуэху зевмыхьэ, фыкъафэ, фыджэгу, фыщыс, фыуэршэр», - кьыджаIэт. Уеблэмэ, сэ езыр 1972 гъэм Хэкужьым сыщыIауэ щызгъэзэжам, ди кьуажэр зэзгъэльэгъуащ, благъэхэр, ныбжьэгъуэхэр зэхуэсри, сагъэльэпIащ зыкIэу зэрахуэсIуэтэжар куэдым я гуапэ хуэатэкъым. «Апхуэдиз ахъшэ тебгъэкIуадэу, коммунист хъуа жьлэм ущIэкIуар сыт?», - жаIэрт лIыжьхэм. Совет Союзэр щыльэлъэжьым ди цIыхухэр УрысеймкIэ, ХэкужьымкIэ нэхъ епIэкIэ хъуащ. Урысеймрэ Тыркумрэ зэныбжьэгъу хъуащи, ди ныбжьыщIэхэм я зэщыхьэр зэрыщIыгъуу, нобэ зэззэуамэ, пщащей я Iэпэ зэрыIыгъуу кьыдэувэжынущ.

- Ди мурадхэм я гугъу кьытхуэпщIамэ арат.

- Ансамблыр кьызэрызэдгъэпэщрэ мы гъэм илъэситху ирокъури, накъыгъэм и 17-м абы хуэгъэпса концерт Музыкэ театрым щедгъэкIуэкIыну ди мурадщ. Дызэрагъэблэгъа урысейпсо зэпеуэм зыхуэдгъэхьэзырынущ. КъищынэмыщIауэ, республикэм щекIуэкIыну махуэшхуэ зэхьэхьэхэм дыхэтынущ. Ди лэжьыгъэм пытщэнущ, къафэщIэхэр дгъэувынущ. Ди щIыналъэм щызэрахьэ хабзэ дахэхэр, щэнхабзэ бейр дыхуейщ щIыпIэ куэдым щыдгъэльэгъуэну.

Епсэлъар **ЩОМАХУЭ Залинщ.**

Хэкужьым дыIэпхъэжьыныжкIэ дэри ар къытщхьэпэну къызолъытэ.

- НобэкIэ «КАФФЕД»-мрэ ДАХ-рэ я зэхущытыкIэр щIагъуэкъым. Дунейпсо Адыгэ Хасэр хэхэсхэм тэмэму къащхьэщыжькрыкъым, илъэныпхъэ куэд кьоно жеIэ «КАФФЕД»-м. Мыпхуэдэ зэгурымыIуэныгъэр лъэпкъым дежкIэ, дауи, зэранщ. Сыт къыджепIэн абы теухуауэ?

- Дунейпсо Адыгэ Хасэр Урысей Федерацэм и хабзэм тету яухуащ. ДАХ-м и лъэныкIэр дэ дызэсам хуэдэкъыми, зэми гугъуу, зэми тыншу къытщохъу. Ауэ, дауэ щытми, «КАФФЕД»-р ДАХ-м къыхэмыкIыжмэ нэхъыфIщ. Абы къыдэкIуэуи къыхэзгъэщынут: ДАХ-м демократыгъэ зэрызыхилъхьэным хущIэкъун, гупсысэ дахэ, куу зэрихьэу, тыншу лажьэу щытын хуейщ. Армырмэ, дызэгурыIуэнукъым.

ФщIэн папщIэ: Тумэ Рэхьми 1941 гъэм Тыркум и Мараш къалэм хиубыдэ Гёкчун щIыналъэм и Къэнащыуей къуажэм къыщалъхуащ. 1967 гъэм абы кIиуащ Истамбул университетым юриспруденцэмкIэ и кIудамэр. 1961, 1979, 1984, 2005 - 2007 гъэхэм ар и тхъэмадэу щытащ Истамбул и Багъларбашы хьэблэм щыIэ Адыгэ Хасэм. Кавказым, лъэпкъ щэнхабзэм теухуа конференц куэдым хэтащ, адыгэхэр къызытекIам, Кавказым къызэриIэпхъукIам, ахэр зыгъэпIейтей Iуэхуэхэм тепсэлъыхьу. «Адыгэ Хабзэ» зыфIища и тхыльыр 2009 гъэм кьыдигъэкIащ.

Епсэлъар **ЕМУЗ Баязитщ.**
Тырку Республикэ

Студентхэр Налшык къыщызэхуос

● Футбол

Налшык и Сабий стадионым щыщIидзащ Студент футбол лъэпкъ лигэм и урысейпсо зэхьэзэхуэм и ГъатхэIыхьэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ щIидзэным и пэ къикхуэу ар гуфIэгъуэкIэ къызэIуахащ. Абы кърихьэлIат Урысейпсо студент спорт зэгухьэныгъэм и веце-президент Ольховский Роман, Студент футбол лъэпкъ лигэм и унафэщI Стукалов Андрей, КъБР-м спортымкIэ и министр Хъущт Аслъэнбэч, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректор Алътуд Юрэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр къызэхуэсахэм мы IуэхугъуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ икIи ехъулIэныгъэ инхэр яIэну зэрагъапэр жаIащ.

Япэу зэхьэзэхуэр ирагъэжьащ КъБКъУ-мрэ (Налшык) ЧГПУ-мрэ (Чебоксары) я футболистхэм. Ди щIалэхэр хьэщIэхэм зэрефIэкIыр нэрылъагъут икIи епщыкIутхуанэ дакъикъэм Фреддей Будзумэ бжьыгъэ къызэIуихащ, угловой кьыхата ижькIэ псом япэу топыр зыIэригъэхьэри.

Арщхьэкlэ Чуваш къэрал педагогикэ университетым и футболистхэри хуэмыхутэкъым. Дакъикъиз нэхъ дэмыкIыу Садулаев Анвар къыхэжаныкIри, абыхэм бжьыгъэр зэхуэдэ ящIыжащ.

Дауэ хъуми ди студентхэр а зэIущIэм щытекIуащ. Джэгур иухыным дакъикъутI фIэкIа имыIэжу (мы-хэр зэрыджэгур дакъикъэ 70-щ таймитI хъуурэ) абыхэм иджыри зы топ хьэщIэхэм худагъэкIащ икIи 2:1-уэ лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкIыжащ.

КъБКъУ-м и футболистхэм я тренер нэхъыщIхэ Шэрий Асльэн зэIущIэ нэужькъым кьыхигъэщащ и щIалэхэм хъарзынэу зыкъызэрагъэлъэгъуар икIи топ нэхъибэ я хьэрхуэрэгъуэхэм худагъэкIыфыну зэрыщытар.

ЕтIуанэу джэгуплэ губгъуэм къихьащ Дон къэрал техникэ университетымрэ (Дон Iус Ростов) Калининград техникэ университетымрэ я студентхэр. ЗэIущIэм и япэ Iыхьэр щиух дыдэм калининграддэсхэм бжьыгъэр къызэIуахащ. Арщхьэкlэ текIуэныгъэр къахуэзыхь бжьыгъэр абыхэм яхуэхъумакъым икIи 1:1-уэ джэгум хухаха зэманыр иухащ. Пенальти еуэным Iуэхур щыхуэкIуэм ростовдэсхэр нэхъ IэкlуэлъакIуэу къыщIэкIащ - 3:1.

Япэ джэгугъуэм кърикIуаэм япкъ иткIэ КъБКъУ-м и студентхэм зыхэт гупым бжьыпэр щаубыдащ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

«Iуащхьэмахуэм» и еханэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытохьэ

«Iуащхьэмахуэ» журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэр иджыблагъэ къытIэрыхьащ.

ЖУРНАЛЫМ и «ЖьантIэ» Iыхьэр зэхэсыгъуэх тхакIуэ, щIэныгъэлI Шортэн Аскэрбий къызэраугьуэр ильэси 100 щрикъум ирихьэлIэу къыдэкIыгъуэм хагъэхьа тхыгъэ купщIафIэзэмкIэ. Апхуэдизкъэ филологие щIэныгъэхэм я доктор Гъут Iэдэм и «УэдынэмыплIыс льаганIэ», тхакIуэ Теунэ Хьэчим и «Куэдым хуэIэижьт», тхакIуэ, журналист, зэдзэкIакIуэ Къэрмокъуэ Хьэмид и «Тхыдэм и пэжьплIэ» тхыгъэхэр. Абыхэм кьакIэлъэокIуэ Шортэн Аскэрбий и «Бгырыбзэхэр» романым щыщ пычыгъуэхэр. КъищынэмыщIауэ, а Iыхьэм хагъэхьащ Шортэн Аскэрбий и унагъуэм, и Iыхьлыхэм, и благъэхэм, и ныбжьэгъу тхакIуэхэм, IуэрыIуатэджэжм я гъусэу зытригъэха сурэтхэр.

«Прозэ» Iыхьэр къызэIуехь Елгъар Кашиф адыгэбзэкIэ зэридзэкIа Толстой Лев и «Хьэжмурат» повестым щыщ пычыгъуэу журналым и етхуанэ зэдзэкIыгъуэм ихуам къыпысыщэ тхыгъэхэмкIэ.

Зэгъэщтокъуэ Людэ и «Хьэхуэ», «Си унагъуэр - Къэбэрдейщ», «Арщыдан», «КIэух зимыIэ пшыналъэ», «Сыдоуэращэр си анэм», «Анэ», «Сагъэусэ», нэгъуэщI усэхэри мы къыдэкIыгъуэм ихуащ.

«Публицистикэ» Iыхьэм хагъэхьащ адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, КъБР-м и цIыхубз тхакIуэ, зи ныбжьыр 2016 гъэм илъэси 100 ирикъуа Шортэн Аскэрбий Iэдэм и гуащIэм теухуа тхыгъэ. Ар критик цIэрыIуэ Сокъур Мусэрбий 1987 гъэм и Iэдакъэ къыщIэкIа «Лъэхъэнэм хуэпэж тхакIуэр» тхыгъэрщ. Абы Сокъурым Щоджэнцыкlу Iэдэм и лэжьыгъэхэр куууз, лъэныкъуэ псори къызэщIиубыдэу щызэпкрихащ. КъыкlэлъыкIуэу а Iыхьэм зыщыхэзгъэгъуазэ хъунущ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист НэщIэпыджэ Замиря «Израильым щыпсэу адыгэхэр» и тхыгъэм щыщ «ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ зэIуощIэ», «Адыгэбзэ фIэкIа щызэхыIуамыкъ жэнэт лъахэ», «Лъэпкъ хабзэр яхъумэ», «Лъэпкъыбзэр япэ ирагъэщ», «Лъэпкъ тхыдэм и джэлэс», «ГуфIэгъуэ дауэдапщэхэр - нэмыхьытх», «Адыгэ щэнхабзэм и дунейпсо фестивалым» «Пэ зиIэм кIэи иIэщ», нэгъуэщIхэми.

Филологие щIэныгъэхэм я кандидат Хьэвжокъуэ Людмилэ и «Сабиипсэм зезыгъэузэщI» тхыгъэр теухуащ адыгэ сабий литературэм и тхыдэмрэ и зыужьныгъэмрэ, абы хэлъхьэныгъэфIэхэр хуэзыщIа тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ. Тхыгъэр нэхъыбзу зытегъэщIар цIыкIуэм папщIэ усэ, уэрэд щэ бжьыгъэхэр, кьуажэхьхэр, хьуэрыбзэхэр, псысэхэр, псалъэрыщджэгупсынщIэрыпсалъэхэр зи Iэдакъэ кьыщIэкIа Щоджэн Леонидщ.

«ПIэщIыгъуэхэм я лъэужь» Iыхьэм ихуащ Косвен Марк и «Адыгэлl хахуэ» тхыгъэр. Ар зэзыдзэкIар Къэрмокъуэ Хьэмидщ. Тхыгъэр теухуащ 1760 гъэм Хьэтlохъущкьуей Ипщэ (иджы Зеикъуэ) къуажэм къыщалъхуа, 1787 - 1791 гъэхэм екIуэкIа Урыс-Тырку зауэм хэта, адэхэм зи цIэр нобэр къыздэсым яцIымыгъупщэ Хьэтlохъущокъуэ Исмел и гъащIэр къызэрекIуэкIам.

Усакlуэ Мэз Iэниуар сабийхэм яхуэгъэзауэ и Iэдакъэ къыщIэкIа «Нанэ», «ГIхъурылъхуитI», «Ди Далитэ», «Данэ мадэ», «Iэюб цIыкIу», «Си ныбжьыр», нэгъуэщI усэхэм журналым фыкъыщIеджэну Iэмал щыIэщ. Абы къыкlэлъокIуэ Даур Зое и «Хьэбид», «Елыхъу и къуэ Елыхъу» таурыхьхэр.

«ТхылъыщIэхэр» Iыхьэм щыщщ Тембот Санитэ и «Лъэпкъ зэхэщIыкIым и Iэнэщнэ» тхыгъэр. Абы зыщыхэвгъэгъуазэ хъунущ 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым адыгэбзэкIи Iыхьэм хыхьэу къыдэкIащ усакIуэ, тхакIуэ щхьэхуэхэм я Iэдакъэ кьыщIэкIа тхылъ зыбжанэ.

Журналым и зи чэзу къыдэкIыгъуэр зэхуащIыж Хьэкъун Барасбий и «Адыгэ къэкIыгъэщIэхэр» псалъэм къыхаха Iыхьэм щыщ, НэщIэпыджэ Замиря и «Къеблагъэ, Илъэсыщ», Кьубатий Борис Илъэсыщ Iэнэм папщIэ ягъэхьэзырыну шхыныгъуэхэр зэрапщэфIынум триухуа тхыгъэхэмкIэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Шахматэр

Республикэм и чемпионхэр

Налшык дэт «Ладья» шахмат-шашкэ клубым щекIуэкIащ шахмат псынщIэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ешлэнэ чемпионат. Абы хэтащ спортсмен 60-м щIигъу.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ пашэныгъэр щиубыдащ Бахъсэн районым хьихъэ Зеикъуэ къуажэм щыщ спортсмен и мастер **Джэдгъэф Чэмал**. Очкоибгъум щыщу 7,5-рэ абы зыIэригъэхьащ. ЕтIуанэ хъущ щэджэмдэс спортым и мастерым и кандидат **Чап Альберт**. Налшык щыпсэу спортым и мастерым и кандидат **Къудей Руслан** ещанэ увыпIэр къыпысащ.

Республикэм и чемпионатым и ветеранхэм я саугъэтхэр зыIэрагъэхьащ налшыкдэсхэу Къарбэ Мажмудин, Шаваев Ануар, Теувэж Владимир сымэ.

ЩIалэщIэхэм я деж нэхъыфIу кьыщыщIэкIащ Пыбзэкъ Салимрэ (Налшык) Къэжэр Ислъамрэ (Тэрч). НэхъыщIэхэм я зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щаубыдащ Тубей Айдэмыр, ЕлъкъэнДавид, Вэрокъуэ Елдар сымэ. ЦIыхубзхэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Бжьахъуэ Людмилэ.

Республикэ чемпионатым кърикIуахэм ипкъ иткIэ спортсмен 28-м шахматэмкIэ спортым и мастерым и кандидатым и мардэр ягъэзэщIащ, 6-м япэ разрядыр зыIэрагъэхьащ.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Фэ фщIэрэ?

Фызышэ лъэIуефэ

УIу-уIу. ЩIалэгъуалэм я нэгу зэрызрагъэужь, зи къэшэгъуэ-ишэгъуэхэр зэрызэрагъэIыху щIыкIэм екъэIалъэ адыгэхэм къадзэгъэгрыкIуэу щыта хабзэхэр. «УIу-уIу» джэгум хэтхэр, жэщщысым хуэдэу, щхьэгъусэ зимыIэ ныбжьыщIэхэр. Ар щрагъэкIуэкIри бжьыхьэ гъавэ къехьэлIэжыгъуэр зэфIэкIыу къуажэдсхэр нэхъ хущIыхьэ хъуа нэужьт.

Мыпхуэдэущ ар зэрырагъэкIуэкIыр. ПщыхьэщхьэкIэрэ щIалэгъуалэр унагъуэ гуэрым щызэхуэсырти щызэхэст: ефэ-ешхэт, джэгу ящIырт, щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ щызэрыцIыхурт икIи щызэпсалъэрт. Жэщщысым хэтхэм яшхынумрэ ирафынумрэ езыхэм здахьырт, «уIу-уIум» кIуэхэм хьэблэм къыщIахьырт.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуа нэужь, щIалэ гуп хьэблэм хыхьэрт. Хъамыцкъухэр хуэдэу пыIэ хъуацэ, джэдгьу зэгъэдзэкIа щыгъыу, и Iэгъуалэм баш игъэльэдауэ иIыгъыу абыхэм зы яхэтт. ПщынтIэм зэрыдыхьэу, и башымкIэ теуIуэурэ, ажэгъафэм жиIэрт: «УIу-уIу, лы къыдэфт, уIу-уIу хьэжыгъэ, кхъуей, н.къ. къыдэфт!» Кърамыталамэ, «хуэпам» зыкъигъалIэрти кхахуэтэджжьыртэхьм, зыщIэлъэIуэр къыхуахьыху. Апхуэдэуэрэ къыхаха ерыскъыр зыгурыIуа унагъуэм ирахьэлIэрти, абы щызэхэст, щыджэгухэрт.

Фэнд (Гъуэмылэ фэнд). Фызышэм хэт хабзэм зэреджэ псалъэщ. Илъ зэманым фызышэ щыкIуэкIэ, фадэ, ерыскъы щхьэхуэу здахьу щытащ. НысащIэр пщIантIэм къыщыдашкIэ, ахэр хэгъэрей щIалэгъуалэм иратырт. А ерыскъым, «фэнд»-кIэ еджэрт. Хабзэр кIуэдыжри XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм къыщыщIдзауэ 70 гъэхэм нэс щIэжакъым. Ижь зэманым фызышэ къэщIэрэщIэжым и гъусэу къежьэжащ.

ФэцынэгъэтIылъ. Адыгэ нысашэм хэт хабзэщ. НысащIэр унэ щрашэм джеж, бжэ щIыхьэпIэм фэ цIынэ ягъэтIылъырти абы трагъэувэрт, итIанэ унэм щIашэрт. Я фIэщ зэрыхьумкIэ, нысащIэр зытеуба фэм ещхьу абы и гъащIэр а унагъуэм дахэу, щабэу щекIуэкIыну арат. Хабзэр ди зэманми щыIэщ.

Фызышэ. Илъ зэманым хъыджэбзым и нэчыхьыр ятха ижь, и адэ-анэм дежи ар къагъэнэжырти зы илъэс хуэдэ щагъэIэрт. ИтIанэ фызышэ шууэ 100-м нэс зэхуэсырти, зы шыгу я гъусэу, зы цIыхьфэ ядэщIыгъуэу кIуэрти, нысащIэр къашэрт. Фызышэ кIуахэм «фызышэ уаредадэ» жаIэрт, джэдыкIэ, пыIэ еуэхэрт, шы къыздагъажэрт.

Фызышэ хабзэр XX лIэщIыгъуэм и 20-60 гъэхэм кIуэдежауэ щытащ, ауэ ижь зэманым къежьэжащ. Иджы фызышэ зэрыкIуэр машинэ псынщIэхэмкIэщ (10-20 хуэдиз). Ялэм нысащIэм и гъусэну зы цIыхьбэ фIэкIа здашэу щымытамэ, ди зэманым ахэри нэхъыбэу макIуэ. Адыгэ фызышэм хэкIуэдыкIыжащ пыIэзэфIэх, джэдыкIэ, пыIэ еуэхэр, пехьэжьэр, нэгъуэщI хабзэхэри.

Фызышэефэ. Адыгэ фызышэм хэта хабзэщ. Ежьэным и пэкIэ фызышэ ягъэкIуэну здаджэри къызэхуэсыр ти, Iэхъум зэрыхэтыну щIыкIэм унафэ тращIыхьырт, зэгурыIуэхэрт, хъуахъуэхэрти зэбгрыкIыжырт. Сыхьэт зытIу дэкIа иужь, я фащэхэр ящIгъуэу, гъэщIэрэщIауэ, зэрежьэнум хуэдэу зэхуэсыжырти, гъуэгу техьэрт.

Фызышэ къэптал. Пасэм щыгъуэ щыIа хабзэщ. Нысэ къызыхуащэну унагъуэм и благъэхэм къэптал 20-30 хуэдиз ядырт. Ахэр фызышэ кIуэхэм здашэрти, пхъур зейм иратырт. Къэпталхэр и ужькIэ зыхуэфащэ я благъэ, Iыхьлы, гъунэгъухэм хуагъэушыжырт. Хабзэр 20-нэ гъэхэм кIуэдыжащ.

Фызышэ лъэIу. Нысэ къэзышэ унагъуэм фызышэр щежьэнум илъ махуэм лIы зытIущ къуажэм хигъэхьэрти, унащхьэщIэкIыу жылэдэсхэм хъыбар ирагъащIэрт. КъэкIуэлахэр ягъэхьэщIэрт, абы иужькIэ псоми яхуэзэфIэкI ахъшэ зэхалъхьэрти, унагъуэм иратырт, фызышэм трагъэкIуэдзну. Абы «фызышэ лъэIу»-кIэ еджэу щытащ.

Хабзэр ди зэманым щыIэ фызышэм хэтыжкъым.

Фызышэ лъэIуефэ. Фызышэ лъэIум, хабзэм къызэрибыдымкIэ, зэджа псори къэкIуэлIэн хуейт. Къызэуэсахэм мэл хуаукIырт, фадэ иужькIэ псоми яхуэзэфIэкI ахъшэ зэхалъхьэрти, унагъуэм иратырт, фызышэм трагъэкIуэдзну. Абы «фызышэ лъэIу»-кIэ еджэу щытащ. Хабзэр кIуэдыжащ

Зэхэзылъхьар
ДУМЭН Хьэсэн.

● Прозэу тха усэхэр

ПыжьпытIыгурэ Мэмлацэрэ

Зы ныбгъуэ закъуэ си лъапэ дыдэм кIыщхьэлъэтри фийуэ зиIэтыжати, абыи схутегъэхуакъым. Бзу лIэужьыгъуэу е хьэкIэжхъуэкIэу къыщыбукIынышхуи щыIэтэкъым мы щIыпIэм. Сэри абы схыщIыгъуаэт. ИтIани - хэт ищIэрэ жыс-Iэри - си закъуэрыуэжьыр си плIэм илъу нышэдибэ къэзунэтIат илъэс 20 и пэкIэ фIыщIэу сцIыхуу щыта мэз цIыкIумкIэ.

ДЫСАБИЙУЭ пхъэ гъур щцIэн куэдрэ дыкъакIуэрт мыбы. Дэнэ деж сыт хуэдэ жыг итми, псынэ иIэми, дэтхэнэ гъуэгум дэнэ уишэными а лъэхъэнэм тщIэрт.

Сэ къзэгъуэтыжащ пхъэ пхыр зырыз тIыгъуу кIапсэлъэрышэу дыкъызэрыкIуэжу щыта лъэс лъагъуэр. Джабэм дыкъыдэкIыжа нэужь зыгъэпсэхупIэу диIэ бгыпэ тIэкIыри къэзгъуэтыжащ. Гъуэгубгъум пэмыжьжьэу псынэ зэриIэр къызэрысщIэжу, абы щыщ семыфэнкIэ Iэмал имыIэу псы схуэлIащ; езы псынэри слъэгъуащэрэт жысIэу сигу кьыкIэжат.

Гугъущэ сыдемыхьу къзэгъуэтыжащ псынэр зыхуэзэр, ауэ куэд щIат ар зэрысеижрэ. Гъуэгубгъу лъэныкъуэр нэхъ уэхт икIи псы-Iэпсыэу щытт, мащаIэр иджжьи къыхэбелджьылыкIми, кумбыр хэгъуэщэжын нэсат, удзи кьыкIэжат.

Абы сыхэтурэ шэджагъуэ нэужьи хъуащ, уафэр зыIэзэбжьэм къызэщIэуфыщIэри уэшх iащэ зырыз къызэпхидзу щIидзащ.

Мэзым къыхэзгъэзыкIыжащ, си занщIэр си гъуэгуу.

Лъэбакъуэ зытхух нэхъ къэзмыкIуу мей ныкIуэжьым сыкъыIууащ. Ар занщIэу късслыхужащ, сымыщIэххэуи къызжьдэлъэтащ: «ПыжьпытIыгу!»

Сэ иджыри сщIэрэкъым а псалъэм къикIлауэ. ИгъащIэми зэхэсхакъым а зэм фIэкI. Щызэхэсхари мыбдежщ. Мей ныкъужьыр мыхъуамэ, сщIэжьххэнтэкъым апхуэдэ псалъэ щыIэуи.

ПыжьпытIыгу... ПыжьпытIыгу... Абы нэгъуэщI зы псалъи и гъусат... А псалъэр, зи пкъыр пIэщIэгъупщыкIыжа узрэду си жьэм жиIэртэкъым, си гум щыпIэжьажьэрт.

ПыжьпытIыгу... ПыжьпытIыгу... Иджыпсту слъагъу хуэдэу си нэгу щIэтэщ. Нэхъ къуейщIей дыдэу къытхэт Нурхьэлий, псори дыззэхъуапсэ и хьэмкIутIей баш цIыкIур иIэтри, жиIаш: «Хэт мо мей ныкъужьым щIэувэу, и гупэр Бещтокlэ гъэзаэу, «Пыжьпытlыгу! Мэмлацэ!» - жиIэу кIиифми, си башыр абы ейщ!»

Мэмлацэ... Арат къысхуэмышIэжу сызэлIэлIа псалъэр. «ПыжьпытIыгу! Мэмлацэ!» жызыIэфын къытхэкIакъым илъэси 9-10-м ит щIалэ цIыкIу гупым. Дэ къытфIэщIа хъунт ар пабжьэм къыхэжу дызыIурызыдзэн псэущхьэ шынагъуэ гуэрхэм я цIэу. Апхуэдэу къытфIэмыщIынкIи Iэмал иIэтэкъым асыхьэтым Нурхьэлий зыльэгъуа дэтхэнэ зыми: абы и щхьэц плъажьым зрисат, зы бэлыхьлажьэ къызэрыхъунум пэплъэ хуэдэ, и пкъыр жат, ушынэнумэ, уигъэшынэн къудейуэ и макъым зригъэхъуэжат, и нитIыр кьижьрт.

Хахуэ къыщытхэмыкIым, Нурхьэлий ину къздыхьэшхащ, езыр лъэбакъуэхъуу кIуэри мей ныкъуэжьым щIэуваща, и гупэр Бещтокlэ игъаэзри и макъ къызэрикIлэ «ПыжьпытIыгу! Мэмлацэ!» жиIэри кIиящ.

Мей ныкъуэжьым нэхъ гъунэгъу секIуалIэри, итлъэс 20 и пэкIэ къысщыща щIэщхьэр згъэзэкIуэжу, сыкIиящ: «ПыжьпытIыгу! Мэмлацэ!»

ЗэрызгъэщIагъуэнэр сымыщIэу гурым макъ ин гуэр хъуащ, абы иужьым кIэщIу иту, мэз псор дэпсальэу, Iэуэльауэ макъышхуэ зэхэсхащ.

Сэ иужькIэщ къыщызгурыIуэжар уафэр гъуагъуэу щыбли зэрыуар...

КЪЭЖЭР Хьэмид.



460

Урысей Правительствэм и Унафэщl Черкасский Иван

(1579 - 1642)

Къэбэрдеипщ Черкасский Иван къэрал лэжьакIуэ икIи дзэзешэ лъэщт. Черкасский Борис и къуэщ, Романовхэ пщы лIакъуэщIэр къызэзыгъэпэща Фёдор и къуэ Михаил (1613 - 1642) и къуэшщ. Полкышхуэм и унафэщIу щыткIэрэ Москва и Iэгъуэблагъэм щызэхикъутащ урыс пащтыхьыгъуэр зыубыдыну хущIэкъуа, Польшэ пащтыхьыкъуэ Владислав и дзэр. Къэрал Iуэхущ1аIэ зэхуэмыдэхэм я унафэщIу икIи и къызэгъэпэщакIуэу щытащ. 1633 гъэм щеГъэжьауэ Правительствэм и Унафэщl къулыкъум пэрытащ. 1638 гъэм урыс армэм и дзэзешэ нэхъыщхьэу яГъуэваща.

Щыпсэуа лъэхъэнэм и цIыху еджагъэшхуэхэм ящыщ зыт.

● Псалъэжьхэр

Джэду здэщымыIэм дзыгъуэр щоятэ

♦Iуэху зи Iуэхур Iуэху ирохьэлIэри, шхэн зи Iуэхур шхын ирохьэлIэ.
♦Ажалыр бжэщхьэIум нэхърэ нэхъ благъэщ.
♦Псалъэ бутIыпщам аркъэн кIэлъымыдзыж.
♦Яжьэжь щIахар къыщIахьэжкIэ хуабэ зыхырхъым.
♦ Дыгъужьыгъуэм гъэлъхуэщ тращIыхьрэ?
♦ХъумпIэщIэджыр бэум зыпищIыжу лъатэри, къуанщIэм ишхащ.
♦Джэду здэщымыIэм дзыгъуэр щоятэ.

● ЖыIэгъуэхэр

ГъащIэм нэхъ егъэджакIуэшхуэ щыIэкъым

●Хэхэс жьэгу удэс нэхъ-рэ, хэкужь и Iугъуэмэр нэхъ гуакIуэщ.
●Зыщалъхуа Хэкум щымыпсэужьым, гъащIэм и Iэфыр фIыуэ зыхищIэркъым.
●Жумарт жьихуаIэр уэ пхуетынум нэхърэ нэхъыбэ къозытыфращ.
●Куэдыщэрэ зи щхьэ щытхъужу дэпсальэрейр щIэх дыдэу щIыхуэм къаужэгъу.
●Адыгэ жьэгум и тетыр унэгуащэращ.
●Адэ-анэм емыдаIуэм, гIуэу гъащIэр ехь.
●Гуащэр щытепщэм пщыр щеудыхащ.
●ГъащIэм нэхъ егъэджакIуэшхуэ щыIэкъым.
●Зи щхьэм фIэкIа нэгъуэщIхэр фIыуэ зымыльагъуфыр насыпынэщ.
●Зи гъащIэр Iэфl защIэу къэзыгъэщIа щыIэкъым.
●Уемыгупсысу пча зы лъэбакъуэми, умыгупсысэу бутIыпща зы псалъэми, цIыху гъащIэр якъутэфынущ.
●Пэжагъыр цIыхугъэм и къежьапIэщ.
●Иджырей зэманым зи гупкIэ уисыр фIыуэ къыумыцIыхуауэ и уэрэдым удемыжьымэ нэхъыфIщ.
●Ныбжьэгъу къэралгъэр уи бий дыдэм нэхърэ нэхъ шынагъуэщ.
●Хэт и псалъэреи жиIэу хъуар купщIэнщэщ.
●Псалъэр щылъэщыр пэжу, Iущу, шэрыуэу щытмэщ.
●Ныбжьэгъури ахъшэкIэ къащэхуу щIадзащ.
●Ущалъхуа Хэку и зы щIымахуэр нэхъыфIщ, хамэ щIыпIэ и гъатхищэ нэхърэ.
●ПIащIэу си гъащIэр зыхьхэм дунейм и дахагъэр зыкIи зыхащIэркъым.
●Уэ къыпщыгуфыкIыу къыббгъэдэлъадэ псоми фIыуэ укъалъагъуу уимыгугъэ.
●ЩIэблэр пхуэмыгъэсамэ, нэмыси умылъыхъуэж.
●ХьэщIапIэ уздихьа унагъуэм унафэ щыпщIыну ухуемыжьэ.

КIУРАШЫН Алий.

● Къуажэхьхэр

Зи щхьэр пхъэ кIапэ

Блыным кIэращIэ,
Пэш гъэщIэращIэ.

ГъущIыкIэр зи тхьэмпэ,
Бжэгъушхуэр зи кIапэ.

Iэлъэныкъуэ шэмэдж,
Шэмэдж пэ гъэша.

Зи щхьэр пхъэ кIапэ,
Зи пэр гъущI папцIэ.

Мэлым и щIыфэ,
Фащэм и хуабэ.

Жану ялъырей,
Пхъашэ кIуэхэм здахьырей.

Зи кур мафIэ,
Зи лъэр джафэ.

ЖЭУАПХЭР:

Аупрыгну, Бел, Гуфэ, Дыщ, Дзэдыну, Дзэщыр, Етк.

Зэхэзылъхьар
ДУМЭН Хьэсэн.

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **1**. Псы Iуфэ мывалъэ-пшахъуалъэ. **2**. МыхъумыщIагъэ гуэр зэрищIам щхьэкIэ цIыхум зэретхьэкъу. **4**. Нартыху хъуам и щхьэкIэ. **6**. Дыгъэмрэ я вагъуэхэмрэ я хэщIапIэ. **11**. Нэр зэрыс кумб. **13**. Жьэгу натIэм хэщIыхьа тегъэувапIэ. **14**. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ театрым и джэгуакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артисткэ. **16**. Удз хущхьэу (клевер). **19**. Уэлбанэ нэужьым щIым куэду щыпIлъагъу хьэпщхупщ. **26**. Ялэм я дамэм тету псы кърахьу щытащ. **28**. Iэхъуэ ... . **30**. Езым ищэ хьэпшыпхэм егъэлеяуэ уасэшхуэ хуэзыгъэув, игъэува уасэм пхутемыкI. **31**. МазэцIэ. **32**. ЗанщIэу зэкIэлъыкIуэу гъэмахуэ жащ ныкъуэм деж къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыблэ вагъуищ. **35**. Псы къажъуэлъа. **36**. Бжьыхьэ жэщым уафэмкIэ къехьу къэкIыгъэ тхьэмпэр зыс. **37**. Волгэ псым адыгэхэр зэреджэу щытар. **44**. ... мастэрэ зэфIэщIауэ зэIэпахыркъым. **47**. МэракIуэ къызыпыкIэ жыгышхуэ лъэпкъ. **51**. Выр гум щыщIащIэкIэ къагъэсбэп баш цIыкIу. **52**. Унэ ... и гъусэу кьищэхуауэ. **54**. Нысэ къашагъащIэ. **55**. Пасэрей Iэщэ. **56**. ЦIыхубзыщIэ. **57**. Адыгэ лъэпкъым я лъабжьэр къыщежьауэ ябж лъэпкъыжь. **58**. Адыгэ унэцIэ, уэрэдус щIэпщIыну уэрэджьыакIуэ лъэрызехьи къызыхэкIа лъэпкъ.

Кьехыу: **1**. Анэшхуэ. **3**. Вакъэдыж Iэмэпсымэ. **5**. Быныр зей цIыхухъу. **7**. ГъэшхэкI. **8**. Си ... шыгу дищIащ. **9**. Гъатхэм пасэу щIым кьыхэж удэ шакъафэ-къащхьуафэ. **10**. Сэхуран тIэкIу иракIутэну яшыхьа тхыльымпIэ. **12**. Хьэр унэм ... . **15**. ХьэпIащIэм ищI Iуданэ. **17**. АдыгэбзэкIэ ялъэм къыдэкIыу щыта газет: «Къэбэрдей ...». **18**. КIэпIейкIитху хъу ахъшэ жьгъей. **19**. ЛажьапщIэ. **20**. Унагъуэ Iэщ цIыкIу. **21**. Унагъуэм къагъэсбэп кумбыгъэ. **22**. Шыбжий фIыцIэ. **23**. Хьэм къыхэщIыкIа хьэнтхъупс. **24**. Я тепщэ-нышъэкIэ къэбэрдеипщэм къакIэлъыкIуэу щыта уэрэд лъэпкъым къыхэкIа цIыху. **25**. Куэдрэ темыужу къешъ уэшх. **27**. Выр зэрыщIащIэ бжьым иIэ гъуанэ. **29**. Псыгъэ куэду зэрыхэтым къыхэкIкIэ узыкIуэцIрымыплъыф хьэуа. **33**. Акъыл зиIэм и ... сисарэт (псалъэжь). **34**. Псалъэ дахэм ... гъуэмбым къреш. **38**. Фо зэхуэхьесыныр зи IэщIагъэ. **39**. ... джанэ. **40**. Дамаск адыгэбзэкIэ зэреджэр. **41**. Шым и кIуэкIэ. **42**. ... и удыгъэр япэ кърегъэщ (псалъэжь). **43**. ЦIыхубзыщIэ. **45**. ТIу ищIыкIам языхэзыр. **46**. Лы гъэва зышхар ... йофэж. **48**. ЦIыхум гупсысэну Iэмэл къезыт зэфIэкI. **49**. ЦIыхухъуцIэ. **50**. Хьэм епха унэцIэ. **52**. ... къезыхуэкIыр гур аращ. **53**. Псы ... .

Зэхэзылъхьар
ТАТЫМ Хьэзрэталийщ.
Къутлъкъужын Илщэ къуажэ

Гъатхэпэм и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5**. Бжьыныхуу. **7**. Къамышы. **8**. «Нэху». **9**. Нэкурэ. **10**. Индыл. **11**. Джэлэфей. **12**. Гъуэз. **14**. Умэ. **15**. Ер. **16**. Кхъужь. **17**. Джэдыгу. **21**. Къамыл. **22**. Румын. **25**. Сыхьэн. **27**. Уд. **28**. Мы. **29**. Без. **30**. «Къру». **31**. Къэрэгъэш. **33**. КIапсэ. **35**. Аркъэн. **37**. Щиху. **38**. Къардэн. **39**. Азэмэт.

Кьехыу: **1**. Мылъку. **2**. Хъыдзэдж. **3**. Дарий. **4**. Вынд. **6**. Iэпэзадэ. **13**. Зей. **14**. Ужьэ. **17**. Джэлэс. **18**. Гъэрэн. **19**. Дау. **20**. Дыку. **23**. ТхьэгъэзэIт. **24**. Ауэ. **26**. Кхъыкъ. **31**. Къэзэр. **32**. Шабзэ. **34**. Парт. **36**. Кьамэ.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Джэд нэгэгъу, дзасэкIэ гъэжьауэ

ДжадыщIэ нэгэгъуэ хъэ IэфI мэхъу. Ар ягъэкъабзэ, псы щIыIэкIэ ятхъэщI, щэр къыкIэрамыгъэжу. Инмэ, тIууэ зэпагъэж. ИтIанэ тепщэчым ираIтхьэ, шыгу трагъэщащэ, пщэдджьыжьым хаха кхъуейм и щэжьпс щIыIэ щIакIэ, щIыIапIэм ягъэуври сыхьэтитI-щыкIэ щагъэт. Абы и ужькIэ нэгэгъуэр щэжьпсым ыкIыжахъуэзыкI, тIэкIу ягъэжэпхъ, щэри зэрыкIыпIуу дзасэм паIури, тхъуэпIэ, хьэзыр хъуху дэпкIэ ягъажьэ, щэ дагъэ щахуэурэ, шыбжиипс тракIэурэ. Iэнэм зэрыпщтыру тралъхьэ. Бжьын цIыни бгъуралъхьэ. Пластэ, мыраемысэ хуабэ дашх. Мы ерыскъыр гъатхэм нэхъ ящI хабзэщ.

Халъхьэхэр *(зы цIыху Iыхьэ)*: нэгэгъуу - г 300, щэжьпсу - г 400, дагъэу - г 20, псыуэ - г 500, бжьын цIынэу - г 50, шыгъуу, шыбжиипсу - уэыхуейм хуэдиз.

Джэдыкlэжьапхъэ, пхъы гъэва хэлъу

Джэдыкlэр фалъэм иракъутэ, шатэ халъхьэри, тхъурымбэ хъуху фIыуэ яудэ. ИтIанэ шыгу хадзэ, тыкъыр цIыкIуурэ упщIэтауэ пхъы гъэва халъхьэ, зэIащIри тхъу ъэлпIа зэрыт тебэм иракIэ. Тебащхьэр трапIэкри и щхьэр техауэ етIуанэ лъэныкъуэмкIи хьэзыр хъуху ягъажьэ.

ІупщIэурэ зэпыупщIауэ Іэнэм тепщэчкIэ трагъэувэ. Бжьын цIынэ зэпыгъэльэлъа трагъэщащэ. ЩIакхъуэ, лэкъым докIу. Мы ерыскъыр витамин А-кIи къулейщ, сабийхэми фIыуэ ялъагъу.

Халъхьэхэр *(зы цIыху Iыхьэ)*: джэдыкIэу - 3, шатэу - г 40, пхъы гъэвауэ - г 50, зэрагъэжьэну тхъуэ - г 30, бжьын цIынэу - г 10, шыгъуу - уэыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхьилъым къитхьжащ.

● Фызышэ

Фызышэ лъэIуефэ

УIу-уIу. ЩIалэгъуалэм я нэгу зэрызрагъэужь, зи къэшэгъуэ-ишэгъуэхэр зэрызэрагъэIыху щIыкIэм екъэIалъэ адыгэхэм къадзэгъэгрыкIуэу щыта хабзэхэр. «УIу-уIу» джэгум хэтхэр, жэщщысым хуэдэу, щхьэгъусэ зимыIэ ныбжьыщIэхэр. Ар щрагъэкIуэкIри бжьыхьэ гъавэ къехьэлIэжыгъуэр зэфIэкIыу къуажэдсхэр нэхъ хущIыхьэ хъуа нэужьт.

Мыпхуэдэущ ар зэрырагъэкIуэкIыр. ПщыхьэщхьэкIэрэ щIалэгъуалэр унагъуэ гуэрым щызэхуэсырти щызэхэст: ефэ-ешхэт, джэгу ящIырт, щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ щызэрыцIыхурт икIи щызэпсалъэрт. Жэщщысым хэтхэм яшхынумрэ ирафынумрэ езыхэм здахьырт, «уIу-уIум» кIуэхэм хьэблэм къыщIахьырт.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуа нэужь, щIалэ гуп хьэблэм хыхьэрт. Хъамыцкъухэр хуэдэу пыIэ хъуацэ, джэдгьу зэгъэдзэкIа щыгъыу, и Iэгъуалэм баш игъэльэдауэ иIыгъыу абыхэм зы яхэтт. ПщынтIэм зэрыдыхьэу, и башымкIэ теуIуэурэ, ажэгъафэм жиIэрт: «УIу-уIу, лы къыдэфт, уIу-уIу хьэжыгъэ, кхъуей, н.къ. къыдэфт!» Кърамыталамэ, «хуэпам» зыкъигъалIэрти кхахуэтэджжьыртэхьм, зыщIэлъэIуэр къыхуахьыху. Апхуэдэуэрэ къыхаха ерыскъыр зыгурыIуа унагъуэм ирахьэлIэрти, абы щызэхэст, щыджэгухэрт.

Фэнд (Гъуэмылэ фэнд). Фызышэм хэт хабзэм зэреджэ псалъэщ. Илъ зэманым фызышэ щыкIуэкIэ, фадэ, ерыскъы щхьэхуэу здахьу щытащ. НысащIэр пщIантIэм къыщыдашкIэ, ахэр хэгъэрей щIалэгъуалэм иратырт. А ерыскъым, «фэнд»-кIэ еджэрт. Хабзэр кIуэдыжри XX лIэщIыгъуэм и 20 гъэхэм къыщыщIдзауэ 70 гъэхэм нэс щIэжакъым. Ижь зэманым фызышэ къэщIэрэщIэжым и гъусэу къежьэжащ.

ФэцынэгъэтIылъ. Адыгэ нысашэм хэт хабзэщ. НысащIэр унэ щрашэм джеж, бжэ щIыхьэпIэм фэ цIынэ ягъэтIылъырти абы трагъэувэрт, итIанэ унэм щIашэрт. Я фIэщ зэрыхьумкIэ, нысащIэр зытеуба фэм ещхьу абы и гъащIэр а унагъуэм дахэу, щабэу щекIуэкIыну арат. Хабзэр ди зэманми щыIэщ.

Фызышэ. Илъ зэманым хъыджэбзым и нэчыхьыр ятха ижь, и адэ-анэм дежи ар къагъэнэжырти зы илъэс хуэдэ щагъэIэрт. ИтIанэ фызышэ шууэ 100-м нэс зэхуэсырти, зы шыгу я гъусэу, зы цIыхьфэ ядэщIыгъуэу кIуэрти, нысащIэр къашэрт. Фызышэ кIуахэм «фызышэ уаредадэ» жаIэрт, джэдыкIэ, пыIэ еуэхэрт, шы къыздагъажэрт.

Фызышэ хабзэр XX лIэщIыгъуэм и 20-60 гъэхэм кIуэдежауэ щытащ, ауэ ижь зэманым къежьэжащ. Иджы фызышэ зэрыкIуэр машинэ псынщIэхэмкIэщ (10-20 хуэдиз). Ялэм нысащIэм и гъусэну зы цIыхубэ фIэкIа здашэу щымытамэ, ди зэманым ахэри нэхъыбэу макIуэ. Адыгэ фызышэм хэкIуэдыкIыжащ пыIэзэфIэх, джэдыкIэ, пыIэ еуэхэр, пехьэжьэр, нэгъуэщI хабзэхэри.

Фызышэефэ. Адыгэ фызышэм хэта хабзэщ. Ежьэным и пэкIэ фызышэ ягъэкIуэну здаджэри къызэхуэсыр ти, Iэхъум зэрыхэтыну щIыкIэм унафэ тращIыхьырт, зэгурыIуэхэрт, хъуахъуэхэрти зэбгрыкIыжырт. Сыхьэт зытIу дэкIа иужь, я фащэхэр ящIгъуэу, гъэщIэрэщIауэ, зэрежьэнум хуэдэу зэхуэсыжырти, гъуэгу техьэрт.

Фызышэ къэптал*. Пасэм щыгъуэ щыIа хабзэщ. Нысэ къызыхуащэну унагъуэм и благъэхэм къэптал 20-30 хуэдиз ядырт. Ахэр фызышэ кIуэхэм здашэрти, пхъур зейм иратырт. Къэпталхэр и ужькIэ зыхуэфащэ я благъэ, Iыхьлы, гъунэгъухэм хуагъэушыжырт. Хабзэр 20-нэ гъэхэм кIуэдыжащ.

Фызышэ лъэIу*. Нысэ къэзышэ унагъуэм фызышэр щежьэнум илъ махуэм лIы зытIущ къуажэм хигъэхьэрти, унащхьэщIэкIыу жылэдэсхэм хъыбар ирагъащIэрт. КъэкIуэлахэр ягъэхьэщIэрт, абы иужькIэ псоми яхуэзэфIэкI ахъшэ зэхалъхьэрти, унагъуэм иратырт, фызышэм трагъэкIуэдзну. Абы «фызышэ лъэIу»-кIэ еджэу щытащ.

Хабзэр ди зэманым щыIэ фызышэм хэтыжкъым.

Фызышэ лъэIуефэ*. Фызышэ лъэIум, хабзэм къызэрибыдымкIэ, зэджа псори къэкIуэлIэн хуейт. Къызэуэсахэм мэл хуаукIырт, фадэ иужькIэ псоми яхуэзэфIэкI ахъшэ зэхалъхьэрти, унагъуэм иратырт, фызышэм трагъэкIуэдзну. Абы «фызышэ лъэIу»-кIэ еджэу щытащ. Хабзэр кIуэдыжащ

Зэхэзылъхьар
ДУМЭН Хьэсэн.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖьэкIэмыхъу Марин (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Марин** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэныдэж Замир, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щIихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтеуэу зэпыту щытхъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъуэмэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахащ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Сонэ,** *редактору* **Уэрдокъуэ Жеан,** *корректорхэр* **Афэ Тамарэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепIэр ящIащ* **Доп Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьезыращ.
Газетым Iэ тезыдзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 3.711 ● Заказ №323